ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№249 (23.407) ● 2016 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 28, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сом 15-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Путин В. В. Къэрал Советым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм экологие и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным теухуауэ. Абы хэтащ КІуэкІуэ Ю. А.



Дыгъуасэ Путин Владимир Кремлым щригъэжІуэкІащ Къэрал Советым и зэІущІэ. Ар теухуауэ щытащ къэкІуэну щІэблэхэм я сэрэн зыхэлъын экологие зыужьыныгъэ Урысей Федерацэм къыщыззгъэпэщыным. ЗэІущІэм хэтащ КІуэкІуэ Юрий.

ДЫЗЫТЕПСэЛЪЫХЬ Іуэхум, жиІащ къэралым и Унафэщым, хуабжьу мыхъэнэшхуэ иІэщ лъэпкъ экономикэм зегъэужьынымкІэ, абы къыдэкІуэу, цІыхухэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэнымкІэ, щІыналъэхэм я зэфІэкІыр къэІэтынымкІэ.

ЗэІущІэм хэтахэм Путин Владимир ягу къиГэкІыжащ дзыхьхьхьэ 2017 гъэр Экологием и илъэсу зэрагъэувар, абы хэдгъэкІуэу Урысейм и щІэныгъэ-технологие зыужьыныгъэмкІэ куэд мыщІауэ къащта стратегием экологие зыужьыныгъэр Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу зэрыщыубзыхуар.

Экологием пыщІа гугъуехь нэхъыщхьэ дыдэхэу икІэщІыпІэкІэ дэгъэкІын хуэй хэм ящыщу зэІущІэм къыщагъэльэгъуащ хьэуам, псыежэххэм хаутІыпщхьэ, щІыпІэ зэмылІэужьыгъэхэм щыхьфІадзэ кІэрыхубжьэрыхухэмрэ фІейхэмрэ гъэмэщІэныр, абы папщІэ дэтхэнэ Іэнатіэми къащагъэсэбэп технологиехэр егъэфІэкІуэныр. Къалэдэсхэм я зэхуэдитІыр зэрабгъуэ хьэуар егъэлеяуэ фІейщ. Ар процент 50-м щегъэжьауэ процент 90-м нэсыху зи зэранкр автотранспортырщ. ЦІыхухэм къагъэсэбэп псым и нэхъыбапІэр «фІейуэ», «фІей дыдэу» я къалъытащ. Къэралым цІыхуу исым я процентыблым ирафын псы къабзэр яхурикъуркъым. ЩІыналъэхэм я нэхъыбапІэм экологие и лъэныкъуэкІэ щыІэ щытыкІэр щызэІыхьэ зэпытщ.

ЗэІущІэм къащагъэлъэгъуа бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, хабзэм къемызэгъуу къызэрагъэпэща куэныбэ идзапІэхэм щызэтрихьа кІэрыхубжьэрыухэр тонн мелард, 30-м щІигъащ. «КІэрыхубжьэрыухэр хэт дэнэ дэж хуейми щызыфІеддзэ икІи апхуэдэ куэныбэ идзапІэхэм иджыпсту гектар мин 48-м нэблагъэ яубыдащ», - къыГэлъэгъуащ Урысейм и Президентым.

Къэралым и Унафэщым къызэрилъытэмкІэ, экологием пыщІа гугъуехьэр икІэщІыпІэкІэ къызэнэкІыпхъэщ икІи а Іуэхум зыубгъуауэ елэжьын хуейщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Урысейм и Премьер-министрым иригъэкІуэкІащ УФ-м и Правительствэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьынымкІэ и комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр

Урысейм Федерацэм и Премьер-министр Медведев Д. А. дыгъуасэ Москва щригъэжІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьынымкІэ комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А.

КАВКАЗ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым и щытыкІэмрэ абы зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ, апхуэдэуи Правительствэ комиссэм 2017 гъэм зэфІигъэкІыну и мурадхэм я гугъу щищІым, Урысейм и Правительствэм и Унафэщым къыхигъэщхьэхуКІащ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэр:

«Хъыбар фэзгъэщІэну сыхуейщ къэралым и щІыналъэ 20-м зыужьыныгъэм и щІыпІэ хэхахэр къыщыззгъэпэщыныжмкІэ хуитынигъэ зэрагъуэтым теухуа унафэм Іэ зэрыщІэздзамкІэ. Абы ипкъ иткІэ а щІыпІэхэм заужьынущ къэралым и дзэпІыкъуныгъэ пыухыкІахэр яІэрыхьэурэ, я экономикэм зиужьыным хуэунэтІа хэкІыпІэхэр къыззэрагъэпэщыныжмкІи Іэмалхэр яІэнущ. Апхуэдэ щІыналъэхэм ящыщщ Кавказ Ищхъэрэм и республикихри».

Медведев Дмитрий къыхигъэщащ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым и щытыкІэр щІыналъэм гугъуу къызэрыщынэжыр. «ЩІыхухэм хэхъуэ зэпытщ. Газым и гугъу пщІымэ, абыкІэ ятелъ щІыхуэр мы гъэм сом меларди 6,6-кІэ нэхъыбэ хъуащ - ар процент 10 хуэдизу мэхъу. Илъэс кІуэхэм ятелъа щІыхуэхэри къэпльэтэмэ, мы гъэм и щэкІуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу ятыжьын хуэйр псори зэхэту сом мелард 70-м щІегъу. Ар къэралым газу къыщагъэсэбэпам пэкІуэу къатехуа щІыхуэ псоми и зэхуэдитІым щІегъу. ЭлектрокъарумкІэ къатехуэ щІыхуэми хэхъуэ зэпытщ. Илъэсым зэрыщІидзэрэ щІыхуэр Іыхьэ планэкІэ хэхъуащ икІи сом мелард 25-м нэблагъащ - ар урысейпсо щІыхуэм и процент 41-рэ мэхъу».

«Іэнатіэм щІыхуэр ямытыжын щхьэкІэ Іэмал куэдым щыхуэхуэ. Псалъэм папщІэ, псэупІэ-коммуналь хозяйствэхэр, газыр, электрокъарур зэбгрызыш, зыщэ компаниехэр я къабзэм зэмыльэщыж хуэдэу ящІурэ щызэхуащІыж къохъу, щІыхуэрабгъащІыгъэмямытыжьыным щыгугъуырэ. Абы теухуа Іуэхуэр ткІийуэ зэхэгъэкІыпхъэщ. ИщхъэкІэ зи гугъу щысщІа Іуэху мыхьэмыщІэхэм щІыналъэм щыІэ криминогенныгъэ щытыкІэр зэІагъэхьэ. Ар зэран хуохъу экономикэм зегъэужьынымкІэ Кавказым щыпсэу цІыхухэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэнымрэ, апхуэдэуи щІыналъэм инвестицэхэр къыхэзыльхьэну зи мурадхэр Іуегъэщт».

«Мыхъумыщ Іагъэхэр мымащІэми, ипэкІэ кІуэ лъэбакъуэхэр зэрачам и нэщэнэхэри щыІэщ. Мы ильэсым къуриубдзу щІыналъэ, щІыпІэ бюджет Іуэхущ Іапі эхэм электрокъарумкІи газымкІи щІыхуэ зытрагъэхуакъым», - къыхигъэщащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КІуэкІуэ Юрий Урысеймрэ и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ ехъуэхъуащ Къегъэлакіуэм и махуэмкІэ

«Урысей Федерацэм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и лэжьакІуэхэу, ветеранхэу пщІэ зыхуэсщІхэ! Си гуапэу сыныбохъуэхъу фи Іэщ Іагъэм ирилажьэхэм я махуэмкІэ. Фэ фи гъащІэр хуэвгъэпащ лэжьыгъэ мытыншым, жэуапышхуэ зыпылъым, ауэ пщІэ зыІэм, лыгъэ, зышыІэныгъэ, зэпІэзэрыгъынгъэ зэхъэлІэн хуейм. Фэ куэдрэ къыфхуохуэ шынагъуэ зыпылъ лэжьыгъэм фыпэрыувэу цІыху гъащІэхэр къыщвегъэл. Фэ сытым дежи фынос гугъуэхь къызыхуихуахэм, фи дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм я деж. Насыпэ,ефІэкІуэныгъэ фиІэну, фи лэжьыгъэм ехъуІэныгъэщІэхэр къыщыфхыну си гуапэщ»,- къыщыгъэлъэгъуащ щылъэм и Унафэщым и хъуэхъу тхыгъэм.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. къыдигъэкІа Указымкі Э УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэ зыбжанэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ зиІэ и къеГэлакІуэ» цІэ лъапІэхэр яфІищащ «цІыхухэмрэ щІыналъэхэмрэ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхъуэным, къеГэлыныгъэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ егъэкІуэкІынымрэ зэфІэкІыщхуэ зэрырахьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ я Іэнатіэм хьэлэлу зэрыпэрытым» папщІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● КЪБР-м и Парламентым

Гулъытэ зыхуащІахэр

Дыгъэгъаазэм и 27-м КъБР-м и Парламентым щагъэлъэпІащ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм ехъулІэныгъэхэр щызыІэрызыгъэхьа Іэщ Іагъэлі эхр.

РЕСПУБЛИКЭМ и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** зэІущІэр къыщызэІуихым щІыналъэр егъэфІэкІуэным зи гуащІэ хэзыльхьахэм фІыщІэ яхуищІащ.

- Фэ псори Іэнатіэ зэмылІэужьыгъэхэм фыІутщ, ауэ фызыпэрыт лэжьыгъэр фІыуэ зэрыфлъагъум, фыкъыщІалъхуа щІыналъэм сэбэп фыхуэхъуну фызэрызыщІэкъум фызэкъуегъэувэ. Фэ фхуэдэщ цІыху пэрыткІэ зэджэр. Сыхуейщ фызыхэт гупхэм фэ хуэдэ Іэщ Іагъэлі эхр куэду къыхэхъуэну. Фызыпэрыт Іэнатіэр дяпэкІи евгъэфІэкІуэну си гуапэщ. Мы илъэсыр Іэхуфіхэмкіэ гъэнщІауэ щытащ, дыщогугъ къэблагъэри апхуэдэу къытхуІэкІыну. Ўзыншагъэ быдэ фиІэу, фызыщІщІэ щымыІэу, фефІакІуэу фыпсэуну сыныбохъуэхъу, - захуигъэзащ Егоровэм къызэхуэсахэм.

Зыпэрыт Іэнатіэр егъэфІэкІуэным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащІам папщІэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь, фІыщІэ тхыльхэр цІыху 36-м иратащ. Абыхэм ящыщщ Налшык къалэ дэт курыт школ №30-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Шэру Аксанэ, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэт, уэрэдус Молэ Владимир, «Кабардино-Балкария» ГТРК-м и къудамэм и редактор Битокъу Неллри, КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр Урысмамбэт Шагъир, КІыщокъуэ Алим и цІэр зэрихьэу ЩхьэлыкІуэ дэт курыт школ №92-м и унафэщІ Хъутат Лизэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

КъыхуащІа гулъытэм папщІэ фІыщІэ депутатхэм яхуищІу къэпсэльащ Урысмамбэт Шагъир.

- Дохутырхэр гулъытэкІэ щагъафІэ куэдрэ къэхъуркъым, нобэ къысхуащІа пщІэм си дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІащ. Абы ди лэжьыгъэр нэхъыфІыжу къызэрызэдгъэпэщыным, ди пщэ дэлъ къалэн иныр нэгъэсауэ етхьэкІыным дыкъыхуреджэ. ЦІыхум и уасэр и ныбжьэгъуэхэмрэ пщІэ къыхуэзыщІхэмкІэ къыпхуэщІну Іущ гуэрым жиІауэ щытащ. Сыхуейщ илъэсыщІэм гунэс фщцыхъун цІыху куэд фпэгъунэгъу хъуну, хэщІыныгъэ фимыІэу фыпсэуну, - жиІащ абы.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ИлъэсыщІэ дауэдапщэхэр - шынагъуэншэу

КъБР-м и вице-премьер Бэлэтокъуэ Владимир дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм КъызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и управленэр ИлъэсыщІэ зыгъэпэсхуГъуэ махуэхэм къыпэщыт къалэнхэм зэрыхуэхъэзырым.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ **Надёжин Михаил**, КъБР-м и зэнишагъэр хъумэнымкІэ и министр **Расторгуевэ Светланэ**, лэжьыгъэмкІэ, щІыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныр социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ министр **Тюбеев Альберт**, егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министр **Емуз Ниинэ**, курортхэмрэ туризмэмкІэ министр **Хьэсанэ Ислъам** сымэ къызэрыхагъэщамкІэ, ИлъэсыщІэм хуагъэхьэзыра Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІыну щІыпІэхэм ящыщу 571-м къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэр, шынагъуэншагъэм пыщІа къалэн пори и чэзум щызэфІагъэкІащ. Апхуэдэу, мафІэсым зэрызыщІахьуэмэ Іэмэпсымэ эмылІэужьыгъуэхэр ирикъуу яГэхьэзыращ, сигнализацэхэм я щытыкІэр ящыщтащ, балигъэхэм я пщэрылъхэр гурагъэІуащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, пиротехникэ Іэмэпсымэ Іэрыщ Іхэм я зэранкІэ зІэщхъу къыщцІихъу щыІэщ. Ахэр хуэсакъыу къагъэсэбэпынымрэ къагъауэ, ягъэльатэ пкъыгъуэхэр сабийхэм яІэрымыгъэхьэнымкІэ лэжьыгъэхэр зэрыт тхыгъэхэр щІыпІэ псоми щызэбграгъэхащ, шынагъуэншагъэмкІэ жэуаптакІуэхэр ягъэбелджылащ.

ЗэІущІэм щыхэпльащ цІыху куэдым зэгъусэу зыщагъэпсэху бгылъэ щІыпІэхэм а махуэхэм щызэфІагъэкІынухэми. Гулъытэ хэха хуащІынущ къежьхьэпІэхэр, зекІуэпІэхэр уэсукъуэхэм ящыхьумэным, туристхэм я шынагъуэншагъэр къызэрэпэщыным, къурш-хэм дэкІ автомобиль гъуэгухэр тэмэму зехьэным, псэуалъэ екІуэлІапІэхэм ахэр щызэтремыгъэхьэным. Бгыхэм дэкІ кІапсэ гъуэгухэм я лэжьыгъэр зыхуэдэри егугуу къапщытэжащ.

Къэпсэльаэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, мафІэсым пэщІэт, къежьигъэл я гупхэр сыт хуэдэ къэхъуькъым. Іэщ Іагъэлі эхэр ирикъуу яІэщ, псори я къалэнхэм фІыуэ щыгъуазэщ.

ЗэІущІэм щыжаІахэм зэхуэсахэр арэзы техъуа нэужь, республикэм къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и Управленэм и унафэщІ Надёжин Михаил къыхилъхьри, къэхъуькащІэхэм защыхъумэным, абы-хэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьным икІи мафІэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным зыгунэтІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и комиссэр 2017 гъэм зэрылажьэну планыр къащтащ.

Зэхьыхьэм щыжаІахэр унафэкІэ щІагъэбыдащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

2016 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2016 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адзкІэ - республикэ бюджетщ) гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетым хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэльагъуэ федеральнэ бюджетым и финанс дэІэпыкъуныгъэр хэмыту, республикэ бюджетым езым къызэригъэпэщыж хэхъуэхэмкІэ яГуэува планыр сом мин 8276578,2-кІэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, процент 54-кІэ, псори зэхэту зэхъуэхэмкІэ сом мин 189659-кІэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, процент 69,9-кІэ гъэзэщІа зэрыхъуар. Республикэ бюджетым хэщІхэмкІэ и Іыхьэр сом мин 21688514,9-кІэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, планым и процент 68,0-кІэ гъэзэщІа хъуащ. Абыхэм япкъ иткІэ отчет лъэхъэнэм республикэ бюджетым иримыкъуар сом мин 2722555,9-рэ мэхъу. А псоми япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещІ 2016 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетыр къэлъытэн хуейуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 20-м
№618-П-П

2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

«2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б. ищІа докладыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 20-м
№618-П-П

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым цІыхухэр къыхуреджэ илъэсыщІэ махуэхэм сакъыну

Террорым пэщІэтыныжмкІэ лъэпкъ комитетым и Оперативнэ штабым республикэм щыпсэухэм захуегъазэ илъэсыщІэ махуэхэм сакъыныгъэ яхэльыну къыхуриджэу. Апхуэдэ сакъыныгъэрщ терроризмэм и щІэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуныжмкІэ дэІэпыкъуэгъу нэхъыщхьэр.

Пщ Іэ зыхуэтщІ адэ-анэхэ! ГуфІэгъуэ махуэхэм ирихьэлІэу сабийхэм ягурыврыгъаІуэ уэрамым щызрихьэлІэнкІэ хуэну зэрыджэгу Іэмэпсымэхэр, кІынэмыщІ ЗхэпшІыпхэр хъащта зэрымыхъунур.

КъызэрыгуэкІ хъуржныныр, ашыныр, тхыльымпІэ сэмбыр, сабийхэр зэрыджэгу хьэпшІыпІэ террористхэм къыщагъэсэбэп щыІэщ лагъым Іэрыщ Іхэр ягъэпщкІын папщІэ.

Щэч фэзэгъэщІ хьэпшІып гуэрхэр фльэгъуамэ, гулъытэнэшэу фыблэмыкІ. Ауэ апхуэдэ хьэпшІыпхэм фемыІусэ, фымыгъэхъеІ, зэкІуэцІымыхь. Апхуэдэу гурыщхъуэ зыхуэфащІын цІыхухэм, здэщымытыпхъэм щыт транспортым фыхуэзамэ, а псомкІи хабзэхъуэмэ органхэм хъыбар евгъащІэ. Фи гулъытэмрэ сакъыныгъэмрэ абыхэм сэбэп сахуэхъуэнущ гуэзвэгъуэхэр къамыгъэхъуныжмкІэ.

ПащІэгъуэкІэ фыздэпсалъэ хуну телефонхэр:

- КъБР-м щыІэ и Оперативнэ штабым: **48-15-48**;
- Урысейм и ФСБ-м и Управленэ КъБР-м щыІэм: **48-15-81**;
- КъБР-м щыІэ МВД: **40-49-10**, **49-50-62**;
- Урысейм Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм: **77-64-22**;
- Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм: **39-99-99**.

Терроризм пэщІэтыныжмкІэ лъэпкъ комитетым КъБР-м щыІэ и Оперативнэ штаб.

Республикэм и финанс документ нэхъыщхьэр цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIащ

«2017 гъэм, 2018, 2019 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуки I» КъБР-м и Законым и проектыр етIуанэ къеджэгъуэу къызэращтэнум хуагъэхъэзыр. Мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ документыр нэгъэсауэ ягъэхъэзырын папщIэ депутат псори щэнджыкIуэ мэлажьэ Бюджетым теухуа законыр зэрагъэхъэзырам, абы и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр зэраубзыхуэм топсэлъыхь КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ и комитетым и унафэщI Афэщлагъуэ Михаил.

- Псом ляпэу сыноупущыну сыхуейщ бюджетыр курыт зэманым тещIыхьауэ щIагъэхьэзырым и щхьэусыгъуэмкIэ. Апхуэдэ документыр сыткIэ нэхъыфI?

- Федеральнэ бюджетымкIэ законми хуэдэу, «2017 гъэм, 2018, 2019 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. къыхилъхьа законопроектри илъэсищым тещIыхьауэ ягъэхъэзыращ. 2016 гъэм и федеральнэ бюджетым и къыхэщхьэкуKIныгъэ нэхъыщхьэр - ар зы илъэсым тещIыхьауэ зэрыкIуатащ. Абы и щхьэусыгъуэу щытащ дунейпсо финансрынкыр зэпIэзэрыту зэрызэтемыувэжар. Апхуэдэм деж зэман кIыхьым тещIыхьауэ бюджетыр зэхэплъхьэну ухуекъэмэ, щыуагъэхэр пIэщIэкIынкIэ хъунущ. Ауэ иджыпсту, псори тэмэм мыхьужами, экономикэр зэтеувэжу зэрыхуежьам и щыхьэтхэр щыIэщ.

«2017 гъэм, 2018, 2019 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IэуэкIэ» законым и проектыр кIыщащтэкIэ къэлыптэн хуей Iэуэу иджыпсту тIу щыIэщ. Ахэр къэрал щIыхьэмэрэ республикэ бюджетым хуримыкъымрэ зыхуэдизырщ. Ауэ дэ кIыз зэрыптIыптэмкIэ, план пыухыкIам тету лэжьэныпэ республикэ бюджетым и ахъшэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыныпэр щIэгъэкъуэну щытынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр илъэсищ дызыхуэкIуэ зыужьрыбдзэу зэрекIуэкIыну зыщыгугъэм кIыщыщIэгъэгъуэ бжыгъэхэр зэгъэзэхуэлIэнымкIэ.

Апхуэдэу къэлытэн хуейщ республикэм адэкIэ зегъэужьыным пыщIахэри. Проект Iэджэ щыIэщ илъэс зыбжанэкIэ ягъэзащIэу икIи абыхэм зэпымыуэу ахъшэ ятегъэкIуэдэн хуейуэ. Мис иджы дызэлъэк бюджетыр илъэсищым тещIыхьауи, абы ипкъ иткIэ контракт зэмылIэужьыгъуэхэри ди лэжьэгъуэхэм етщIылIэ хъунущ.

А щIыкIэм тету, илъэсищым тещIыхьауэ бюджетыр зэрызэхалъхьэм Iэмал кIыет республикэм и бюджетым тэмэму кIыхьэгъэпэщIыныкIэ, ар зэпIэзэрыту гъэзэщIэныкIэ. Апхуэдэ бюджетыр тещIыхьащ зэман кIыхькIэ зэфIагъэкIын хуей Iуэхуэр тэмэму егъэкIуэкIынкIэ.

- Бюджетыр гъэхъэзырыныр зы махуэм зэфIэкIыркъым. Абы щыIэу куэд хэлэжьыхь, зэмылIэужьыгъуэри иратырэкIуэкIын хуей мэхъу. АтIэ Парламентым и комитетхэм зэщIыгъуу кIыхьэрагъэпэщауэ щыта зэIущIэхэм депутатхэм кIыщыхьалхьэхр адэкIэ документым дауэ кIыщагъэсэбэпа?

Бюджетым дыщелэжьым дэ дыхущIэжьащ апхуэдэ лэжьыгъэр Iэмал зэригъэкIэ нэхъ зэIуахуэ зэредгъэкIуэкIынымрэ, экономикэм и Iуэхугъуэхэм, бжыгъэ нэхъыщхьэхэм цIыху нэхъыбэ щыгъуазэ зэрытщIынымрэ.

«2017 гъэм, 2018, 2019 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуки» зэрыщIэ ужьыгъуэхэм, Iуэхум теухуауэ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ зэрадзэлажьэнри яубзыхуащ. ЩэкIуэгъуэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджет лэжьыгъэр щегъэжьауэ пыщIа Iэнатlэ псоми я гIыкIуэхэм зыхэта зэIущIэ екIуэкIащ.

А псоми ялкъ иткIэ яубзыхуащ адэкIэ зэлэжьын хуейуэ къалъэта Iуэхуэмрэ зэхъуэкIынигъэхэмрэ. Къыхалъхьа Iуэху псори щызэрагъэуIужьым депутатхэр ядэлэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, жылагъуэ зэгучъэныгъэхэм я гIыкIуэхэм. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм кIыриклуахэм ятеухуауэ КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ и комитетым ирагъэкIуэкIа кIуэк зэIущIэм зэхъуэкIынигъэ 46-рэ щыпхыкIащ. Абыхэм ящыщу 38-р Парламентым и зэIущIэм кьищтащ, адрей зэхъуэкIынигъэу 8-р законопроектым хагъэхъэн ядакъым. Хабзэ зэрыхуэм тету, КъБР-м и Парламентыр кIэлъоплъ а зэIущIэм кьыщащта унафэр зэрагъэзащIэм.

- ДыдыхуэкIуэ илъэсым и республикэ бюджетым и бжыгъэ нэхъыщхьэхэм щыгъуазэ дыщIыт.

- 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и бжыгъэ нэхъыщхьэхэр къащтащ валовэ щIыналъэ продуктыр сом меларди 154-рэ мелуан 662-м нэсыну зэрыщыгугъым тещIыхьауэ икIи хэхъуэхэмкIэ ар сом мелард 26-рэ мелуан 202-рэ, хэщIэкIэ сом мелард 26-рэ мелуан 736-рэ хъун хуейуэ ягъэувад. 2017 гъэм республикэ бюджетым сом мелуан 534,4-рэ хуримыкIыну къабжащ. 2018, 2019 гъэхэм я бжыгъэхэр нэгъабрейкэм кьаазэрыщхьэщыкIыщхэм щыIэкъым икIи социальнэ къалэн псори гъэзэщIынымрэ, республикэм и экономикэм и Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм защIэгъэкъуэным кьызэрагъэпэщынымрэ. КьыщыхьщыкIынигъэр зыщтещIыхьар зы Iуэхуу - республикэ бюджетым 2018 гъэм сом мелуан 403,4-рэ, 2019 гъэм сом мелуан 414,8-рэ кьыкуэдхуэну кьалъытэ.

- 2017 гъэм и бюджетым и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэм арэзы укъащIрэ? ДызыхуэкIуэ илъэсищым кьриубыдэу бюджетыр цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIащ пIэрэ?

- 2017 - 2019 гъэхэм бюджетым и зэIущхэр къэбжьыкIэ щыIэ щIыналъэм нэгъэсауэ ГъэзэщIэн зэрыхуейр къэлытауэ. Ахъшэм и нэхъыбэр трагъэкIуэдэнущ республикэм щыпсэухэм егъэджэныгъэм, узынщагъэр хъумэным, социальнэ дзэлъкъуныгъэм, щэнхабзэм, физкультурэмрэ спортымрэ я IуэхутхьэбзэмкIэ кьызэрэзэтщынымрэ, мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным.

ЗэрыкъыслIащи, республикэ бюджетым социальнэ унэтIныгъэ иIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщI мурадхэм трагъэкIуадэ мыхъуну ахъшэр сом мелард 17-рэ мелуан 870-м, хэщIэм я процент 66,8-м нобл агъэ. АдэкIэ 2018 - 2019 гъэхэм а бжыгъэр процент 68 - 67-рэ хуэдизу щытынущ.

- Бюджет Iэнатlэм пыщIахэм я лэжьапIэщIэм зэхъуэкIынымгъэ игъуэтыну?

- БлэкIа илъэсхэми хуэдэу, кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу бюджет Iэнатlэм гъэрытхэм кьаIэрыхь ахъшэм кIэрымгъэхуныр, кьыщIэкIым тещIыхьауэ ар дызэрыт илъэсым нэхърэ нэхъ мащIэ мыхъуныр. А Iэнатlэм улахуэу, улахуэм щIагъуэ ахъшэу щатын папщIэ сом меларди 4-м щIигъу хухахащ.

- Мэкъумэш хозяйствэр хъапщтэмэ, а Iэнатlэм хиубыдэу дэIэпыкъунигъэ зыгъэгъэнэну Iуэхугъэ ящрэ ящрэ?

- КъБР-м и унафэщIхэм нэгъэсауэ кьагурыIуэ агропромышленнэ комплексым зыщIэгъэкъуэным республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Иужьрей илъэсым мэкъумэш хозяйствэм нэхъ псынщIэу зиужьуэ хуежьащ. Иджы шэч льэпкъ хэлъкъым гъэщIэныщIэкIэ хадзэнымрэ кьэхьалIэныныкIэ, нэгъуэщI кьэралхэм кьыщащхэхуэм зыкIи кьыкIэрымыкъу апхуэдэ продукцэр гъэхьэзырыныкIэ КъБР-р къэралым щыпашхэм зэращIыщым. Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Ткачёв Александр 2016 гъэм щыщIыхьэум и 26-м республикэм лэжьыгъэ Iуэхугъэ щыщIыам агропромышленнэ предприятэ зыбжанэм еплъащ икIи и гуапэ хуэуэ кьыхиутэщащ республикэм гъэ кьэс жыг хадэу гектар миным щIигъу зэрыхисэр икIи а IуэхумкIэ Урысейм ящэ уэрыпIэр зэрыщIыгъыр.

Бюджетыр щагъэхьэзырым кьалъытащ мэкъумэш хозяйствэмкIэ федеральнэ программэхэм хэтыну икIи абыхэм езым и ахъшэ хилъхьану республикэм Iэмал иIэу. Мы гъэм а Iуэхум хухахынущ сом меларди 3-рэ мелуани 188-рэ, нэгъуэщI жьпIэмэ, республикэ бюджетым и хэщIэм я процентыр 10-р.

2017 гъэм и бюджетым и проектым кьыщыгъэлъэгъащ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным сом зы меларди 2-рэ мелуан 461-рэ трагъэкIуэдэн хуейуэ. А бжыгъэр адэкIи нэхъыбэ хъун хуейщ, сыту жьпIэмэ, Iэнатlэм тригъэкIуэдэну ахъшэр зыкуэдизыр уэзыхуным, агропромышленнэ комплексым зыщIагъэкъуэныныкIэ федеральнэ программэ псоми хихьэным теуухуауэ республикэм и Правительствэр иджыпсту федеральнэ Iэнатlэм долажьэ. Дэ Iэпыкъунигъэ нэхъыбэ зыгъуэтын хуей Iэнатlэхэм ящыщу кьалъытэ гъэшIэрэ лымрэ кьэлэ-занэм я кIэлъыплъыныр, фермер Iуэхум хьыкьаIащIэхэм защIэгъэкъуэныр, дауэ уней хозяйствэм зегъэужьыныр.

- Сабий зеинщэхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэн ахъшэ бюджетым щыихуаха?

- 2017 гъэм республикэ бюджетым и кьаIэрэ нэхъыщхьэхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ убгъуауэхэм, комитетхэм я зэIущIэхэм а Iуэхур хэхауэ кьыщIэтащ. Сабий зеинщэ псори псэупIэкIэ кьызэрагъэпэщын папщIэ, КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лыхь З. А. зэрыжиIамкIэ, сом мелард 1,3-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэ хуеинущ икIи а Iуэхур республикэ бюджетым еплъ и зэIущIэ хуэгъэкъаруунукъым. Мы Iуэхум КъБР-м Уху нэгъэсауэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрствэр хэлэжьыхьыпхъэу икIи абы федеральнэ бюджетым и ахъшэ кьыдэхьнымкIэ щыIэ Iэмалхэр кьигъэсэбэпын хуейщ. Дауэ щыжьыпIи, сабий зеинщэмрэ адэ-зэнэм я жьауэм щIэмыгъэжьу кьэна сабий-хэмрэ псэупIэкIэ кьызэрагъэпэщынымрэ республикэм и ахъшэу сом мелуани 123,8-рэ трагъэкIуэдэнущ. Ар 2016 гъэм елъытауэ сом мелуан 40,4-кIэ нэхъыбэщ.

- Бюджетым и хэхъуэр нэхъыбэ щыныныр сыт хуэдэ Iуэхугъэ пIэжыкIэ?

- Республикэм и хэхъуэхэр нэхъыбэ щыныр хузунэтIащ федеральнэ программэ хэхахэм зыхегъэубыдэным теухуауэ КъБР-м и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ властым и федеральнэ органхэм ядэлэжьныр. Абы кьыдэкIуэу налогхэмкIэ органхэм щIэгъэхуэбжьа кIэуэ, зэIущIэм зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэтрихьа щIыхуэхэр кьыхэхьжыным хузгъэзэ лэжьыгъэр.

Бюджетым и зэфIэкIр кьэзыIэт Iэхуэхэм ящыщу инвестицэ проект зыбжанэ адэкIэ пту зэригъэзащIэр, кьапщтэмэ, «ЭТАНА» предприятэр зэращIы, абы кьыдэкIуэ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр зэтегъэувэжыным хузунэтIа Iуэхуэр ящэкIэ кIуатэу зэрыхуежьар.

Экономикэм и щытыкIэр егъэфIэкIуэныкIэ апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ бизнесым и Iэнатlэ мынэхэмэ курытхэмрэ я лэжьэкIэр тэмэму зэтегъэувэным. Апхуэдэ бюджет политикэр хузунэтIащ Iуэхущапlэ мыинхэм экономикэ, налог Iуэху щхьэхуэхэмкIэ яхудэчыныным. Апхуэдэ дэIэпыкъунигъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу щытынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм налогхэр нэхъ кьызэрыгуэныкIыу кьызэрабж системэмрэ патент системэмрэ кьыщыгъэсэбэп щхьэзэкъуэ хьэрычтыщIэхэм я налог ставкэр процент 0 хьууэ Iэзэныным и Iуэхукъ» иджыблагъэ кьащта Законыр гъэзэщIэнырэ.

Си псалъэм и кIэухым фыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу республикэм и финанс документ нэхъыщхьэр гъэхьэзырыным жыджэру хэтахэм.

Епсэлъар **БАТЫР Любэщ.**

«Шынагъуэншагъэ здэщыIэ къалэ» аппарат-программэ комплексым и техникэ Iэмалхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэтегъэувэнымкIэ, къыщыгъэсэбэпынымкIэ, абыхэм зыщегъэужьынымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр къыщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м *Налшык къалэ* *№220-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ къалэ» аппарат-программэ комплексым и техникэ Iэмалхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэтегъэувэнымкIэ, къыщыгъэсэбэпынымкIэ, абыхэм зыщегъэужьынымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр къыщтэным теухуауэ республикэм щыпсэухэм егъэджэныгъэм, узынщагъэр хъумэным, социальнэ дзэлъкъуныгъэм, щэнхабзэм, физкультурэмрэ спортымрэ я IуэхутхьэбзэмкIэ къыззэрэзэтщынымрэ, мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным.

ЗэрыкъыслIащи, республикэ бюджетым социальнэ унэтIныгъэ иIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщI мурадхэм трагъэкIуадэ мыхъуну ахъшэр сом мелард 17-рэ мелуан 870-м, хэщIэм я процент 66,8-м нобл агъэ. АдэкIэ 2018 - 2019 гъэхэм а бжыгъэр процент 68 - 67-рэ хуэдизу щытынущ.

- Бюджет Iэнатlэм пыщIахэм я лэжьапIэщIэм зэхъуэкIынымгъэ игъуэтыну?

- БлэкIа илъэсхэми хуэдэу, кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу бюджет Iэнатlэм гъэрытхэм кьаIэрыхь ахъшэм кIэрымгъэхуныр, кьыщIэкIым тещIыхьауэ ар дызэрыт илъэсым нэхърэ нэхъ мащIэ мыхъуныр. А Iэнатlэм улахуэу, улахуэм щIагъуэ ахъшэу щатын папщIэ сом меларди 4-м щIигъу хухахащ.

- Мэкъумэш хозяйствэр хъапщтэмэ, а Iэнатlэм хиубыдэу дэIэпыкъунигъэ зыгъэгъэнэну Iуэхугъэ ящрэ ящрэ?

- КъБР-м и унафэщIхэм нэгъэсауэ кьагурыIуэ агропромышленнэ комплексым зыщIэгъэкъуэным республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Иужьрей илъэсым мэкъумэш хозяйствэм нэхъ псынщIэу зиужьуэ хуежьащ. Иджы шэч льэпкъ хэлъкъым гъэщIэныщIэкIэ хадзэнымрэ кьэхьалIэныныкIэ, нэгъуэщI кьэралхэм кьыщащхэхуэм зыкIи кьыкIэрымыкъу апхуэдэ продукцэр гъэхьэзырыныкIэ КъБР-р къэралым щыпашхэм зэращIыщым. Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Ткачёв Александр 2016 гъэм щыщIыхьэум и 26-м республикэм лэжьыгъэ Iуэхугъэ щыщIыам агропромышленнэ предприятэ зыбжанэм еплъащ икIи и гуапэ хуэуэ кьыхиутэщащ республикэм гъэ кьэс жыг хадэу гектар миным щIигъу зэрыхисэр икIи а IуэхумкIэ Урысейм ящэ уэрыпIэр зэрыщIыгъыр.

Бюджетыр щагъэхьэзырым кьалъытащ мэкъумэш хозяйствэмкIэ федеральнэ программэхэм хэтыну икIи абыхэм езым и ахъшэ хилъхьану республикэм Iэмал иIэу. Мы гъэм а Iуэхум хухахынущ сом меларди 3-рэ мелуани 188-рэ, нэгъуэщI жьпIэмэ, республикэ бюджетым и хэщIэм я процентыр 10-р.

2017 гъэм и бюджетым и проектым кьыщыгъэлъэгъащ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным сом зы меларди 2-рэ мелуан 461-рэ трагъэкIуэдэн хуейуэ. А бжыгъэр адэкIи нэхъыбэ хъун хуейщ, сыту жьпIэмэ, Iэнатlэм тригъэкIуэдэну ахъшэр зыкуэдизыр уэзыхуным, агропромышленнэ комплексым зыщIагъэкъуэныныкIэ федеральнэ программэ псоми хихьэным теуухуауэ республикэм и Правительствэр иджыпсту федеральнэ Iэнатlэм долажьэ. Дэ Iэпыкъунигъэ нэхъыбэ зыгъуэтын хуей Iэнатlэхэм ящыщу кьалъытэ гъэшIэрэ лымрэ кьэлэ-занэм я щIэстыныр, фермер Iуэхум хьыкьаIащIэхэм защIэгъэкъуэныр, дауэ уней хозяйствэм зегъэужьыныр.

- Сабий зеинщэхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэн ахъшэ бюджетым щыихуаха?

- 2017 гъэм республикэ бюджетым и кьаIэрэ нэхъыщхьэхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ убгъуауэхэм, комитетхэм я зэIущIэхэм а Iуэхур хэхауэ кьыщIэтащ. Сабий зеинщэ псори псэупIэкIэ кьызэрагъэпэщын папщIэ, КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лыхь З. А. зэрыжиIамкIэ, сом мелард 1,3-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэ хуеинущ икIи а Iуэхур республикэ бюджетым еплъ и зэIущIэ хуэгъэкъаруунукъым. Мы Iуэхум КъБР-м Уху нэгъэсауэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрствэр хэлэжьыхьыпхъэу икIи абы федеральнэ бюджетым и ахъшэ кьыдэхьнымкIэ щыIэ Iэмалхэр кьигъэсэбэпын хуейщ. Дауэ щыжьыпIи, сабий зеинщэмрэ адэ-зэнэм я жьауэм щIэмыгъэжьу кьэна сабий-хэмрэ псэупIэкIэ кьызэрагъэпэщынымрэ республикэм и ахъшэу сом мелуани 123,8-рэ трагъэкIуэдэнущ. Ар 2016 гъэм елъытауэ сом мелуан 40,4-кIэ нэхъыбэщ.

- Бюджетым и хэхъуэр нэхъыбэ щыныныр сыт хуэдэ Iуэхугъэ пIэжыкIэ?

- Республикэм и хэхъуэхэр нэхъыбэ щыныр хузунэтIащ федеральнэ программэ хэхахэм зыхегъэубыдэным теухуауэ КъБР-м и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ властым и федеральнэ органхэм ядэлэжьныр. Абы кьыдэкIуэу налогхэмкIэ органхэм щIэгъэхуэбжьа кIэуэ, зэIущIэм зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэтрихьа щIыхуэхэр кьыхэхьжыным хузгъэзэ лэжьыгъэр.

Бюджетым и зэфIэкIр кьэзыIэт Iэхуэхэм ящыщу инвестицэ проект зыбжанэ адэкIэ пту зэригъэзащIэр, кьапщтэмэ, «ЭТАНА» предприятэр зэращIы, абы кьыдэкIуэ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр зэтегъэувэнымкIэ хузунэтIа Iуэхуэр ящэкIэ кIуатэу зэрыхуежьар.

Мэкъуауэгъуэм и 12-р, Урысей къэралыгъуэм и махуэр, дгъэлъэпIэнущ махуищкIэ: **мэкъуауэгъуэм и 10-м къыщыщIэдзауэ 12 пщIондэ**.

ЩэкIуэгъуэм и 4 - 6-хэм дгъэлъэпIэнущ ЦIыхубз зэкъуэтыныгъэм и махуэр.

Зи гугъу тщIа къэралпсо махуэшхуэхэм нэмыщI, ди республикэм щыпсэухэм ди махуэгъэпсым кьыхьыдогъэбледжьылыкI нэгъуэщIхэри. Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжьныгъэм и махуэр - **гъатхэпэм и 28-р** - илъэс кьакIуэм губжьм тохуэри, нэхъапэIуэкIэ кьащта унафэм ипкъ иткIэ, абыи зыдгъэпсхунущ. Адыгэхэм я щыгъуэ махуэр **2017 гъэм** тхьэмахуэу ирохьэлIэри, ар зыщыпIи ягъэIэпхъуэнукъым. Адыгэхэм (шэрджэхэм) я махуэр, **фокIадэм и 20-р**, ди республикэм зыгъэпсхугъуэу щагъэуваци, а бэрэжьей махуэм дыдэсынущ.

Лъэпкъ махуэгъэпсым игъуэтыныкIэ хъуну нэгъуэщI зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуа унафэхэр щхьэхуэу кьыдокI.

ТАМБИЙ Линэ.

● Гу зылъытапхъэ

2017 гъэм зыщыдгъэпсэхуну къэрал махуэшхуэхэр

УФ-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм защIэгъэкъуэнымкIэ и министерствэм иубзыхуащ дызыхуэкIуэ илъэсым урысейхэм зыщагъэпсэхуну къэрал махуэшхуэхэр. Ахэр нэхъ мащIэ хуэдэкъым, ауэ махуэгъэпсым зэрригуэшар нэгъабрэйм кьыщхьэщокI.

УФ-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм защIэгъэкъуэнымкIэ и министерствэм Правительствэм и пащхьэ ирилъхьа проектым кьыщыгъэлъэгъащ 2017 гъэм и махуэгъэпсым хэтыну зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр зэрыбубзыхуа щIыкIэр. КъэкIуэну илъэсым и мазхуэшхуэ зыбжанэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэрытехуэм кьыхэкIкIэ, ахэр нагъэIэпхъуэ икIи мыпхуэдэ махуэхэр зыгъэпсэхугъуэ мэхъу.

2017 гъэм и щIышылэм и 1-р тхьэмахуэ махуэм зэрытехуэм кьыхэкIыу, ар нагъэIэпхъуэ **мазаем и 24-м**, мэремым. **ЩIышылэм и 7-р** щэбэту ирохьэлIэри, абы и пIэкIэ дыдэсынущ **накъыгъэм и 8-м**, блыщхьэм. Аращи, Илъэсыщ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм щIадзэ **2016 гъэм и дыгъэгъазэм и 31-м** икIи екIуэкIынущ **2017 гъэм и щIышылэм и 8-ри** хиубыдэу. Абы кьыкIэпхъыкIуэ Хэкум и хъумакIуэм и махуэр дгъэлъэпIэнущ махуи 4-кIэ: **мазаем и 23-м къыщыщIэдзауэ 26 пщIондэ**. **Гъатхэпэм и 8-р**, ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэр, бэрэжьейуэ ирохьэлIэри, ар зыщIыпIи ягъэIэпхъуэнукъым, а махуэм зыдгъэпсэхунущ.

2017 гъэм Накъыгъэм и 1 махуэшхуэм и саулыкъуэкIэ зыдгъэпсэхунущ **мэлыжьхьыш и 29-м кьыщыщIэдзауэ накъыгъэм и 1 блыщхьэри** хиубыдэу. ТекIуэныгъэм и махуэр дгъэлъэпIэнущ мазхуитIкIэ: **накъыгъэм и 6 - 9-хэм**.

Мэкъуауэгъуэм и 12-р, Урысей къэралыгъуэм и махуэр, дгъэлъэпIэнущ мазхуищкIэ: **мэкъуауэгъуэм и 10-м къыщыщIэдзауэ 12 пщIондэ**.

ЩэкIуэгъуэм и 4 - 6-хэм дгъэлъэпIэнущ ЦIыхубз зэкъуэтыныгъэм и махуэр.

Зи гугъу тщIа къэралпсо махуэшхуэхэм нэмыщI, ди республикэм щыпсэухэм ди махуэгъэпсым кьыхьыдогъэбледжьылыкI нэгъуэщIхэри. Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжьныгъэм и махуэр - **гъатхэпэм и 28-р** - илъэс кьакIуэм губжьм тохуэри, нэхъапэIуэкIэ кьащта унафэм ипкъ иткIэ, абыи зыдгъэпсэхунущ. Адыгэхэм я щыгъуэ махуэр **2017 гъэм** тхьэмахуэу ирохьэлIэри, ар зыщыпIи ягъэIэпхъуэнукъым. Адыгэхэм (шэрджэхэм) я махуэр, **фокIадэм и 20-р**, ди республикэм зыгъэпсэхугъуэу щагъэуваци, а бэрэжьей махуэм дыдэсынущ.

Лъэпкъ махуэгъэпсым игъуэтыныкIэ хъуну нэгъуэщI зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуа унафэхэр щхьэхуэу кьыдокI.

ТАМБИЙ Линэ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 28, *бэрэжьей*

♦Кином и дунейпсо махуэщ.

♦Кинематографым и махуэщ. 1895 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Люмье зэхъуэхуу Огюстрэ Луирэ дунейм цыяпэу Париж щагъэпъэгъуащ езыхэм кьагупсыса аппараткIэ траха фильм кIэщIхэр.

♦1869 гъэм Америкэм щыщ Семпл Уильям Финли ягъэнышкIу сагъыз кьыззэригупсысам и щыхьэт тхьылъ иратащ.

♦1895 гъэм нэмыщI физик Рёнтген Вильгельм цIыхум и Iэпкълъэпкъым зэпхьилъыф бзий тельыджэ кьызэрызэIуихам теуха хьыбарыр хIуащIыу ищIащ. Иужькъэ абы рентген цIэр фIащыжащ.

♦1911 гъэм Урысейм щыяпэу гуэдзыр хамэ кьэралхэм кьишыным теуха унафэ кьащтащ, а цIыхухэр гъфлэлъэм кьыригъэпIын мурадкIэ.

♦1925 гъэм, и ныбжьыр илъэс 30 фIэкIа мыхьуауэ, дунейм ехыжащ урыс усакIуэ цIэрыцIэ **Есенин Сергей**.

♦1943 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ кьалмыкъэр я щIыналъэм ирашри, Сыбырымрэ Къуэкъуитэ Жьыжьэмрэ я щIыналъэхэм ягъэIэпхъуэу щытащ. Тхыдэм кьызэрызэхущыжьымкIэ, Кьалмыкъ АССР-м ирагъэкIат кьалмыкъ 91919-рэ. кьыщызэIуахащ «Национальнэ» хьэщIэщыр.

♦1958 гъэм РСФСР-м и Уголовнэ кодексым хагъэхьужащ «цIыхубзм я бий» жьыхуиIэмкIэ цIыхур гъкъуэнэщхьр.

♦1991 гъэм Азербайджаным референдум щекIуэкIащ я къэрал щхьэхуитыныгъэм теухуауэ. Абы хэтахэм я процент 99-м щIигъур арэзы техъащ щхьэхуэу псоуным.

♦Урысей императрицэу (1741 - 1762 гъэхэм) щыта, Пётр Езанэм ихъу **Елизаветэ** кьызэралъхуэр илъэс 306-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Гъэунэ Борис** кьыщалъхуа мафхуэ.

♦Дунейпсо Олимп Комитетым и президент **Бах Томас** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнэр

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык щIыналъэм и щIыпIэ щIыкIэ щIыкIэ щIык

Адыгагъэр фIэщхъуныгъэм и бийкъым

● Іуэху еплъыкIэ

Ар гущIэгъуфэщ: Мухьэммэдым
Арщ КъурIэн лыдыр къезытар.
Дэри Тхьэм нэхум дыхуиушэ!
Тхьэм дэри ди нэ къигъэплъэж!

Пушкин Александр.
«КъурIэным зыпэсщIыжу»

ЗЫМАХУЭ бзылъхугъэ гуэрым сыкIигъэувыIэри «Мыпхуэдэ тхьилъхэр уфIэфI?» - жиIэурэ и «щыхьэт тхьилъхэр» къежъуихьи щIидзащ. «Си диныи и Іуэхущ зесхуэр» жызоIэ, абы и гукъыдэжкIэ нэхъри кьиззырыригъэблир слъагъуу. «Мыбы псом ятеухуаи хэтщ, Мухьэммэд библиер фIыуэ ищIэу щытащ, абы Авраам (Ибрэхьим) и дин псори къабыл ящIыну къыхуриджэрт», - жиIэ.

ЛIыкIуэ лъапIэр уигу къызэрыкIыжкIи муслымэн уху мызэзэкIи мэхъу махуэм и кIыхьагъым, и щIэ къызэрыриIуар си гуапэт, ар и къунтхьи хьэмбылууэ зэрыфIэлыр Іупщ пэтми. Дэри «Хьиса фIыуэ дольагъу» яжетIэркъэ-тIэ?! Ауэ дэ ди фIэщщ, щхьэт гъэ ТхьэмищIнэж, фэ дыкъызэрыгъэпцIэр фощIэж, а дызыIэщIэфхынум дыкъызэрывитам гу лъыбмытэу!

«Удыгъ?» - жи. Бзаджэфэкъыми, пфIэпсэкIуэд мэхъу... адыгэбзэр къэIуху. Жэуап щестым: «Можно по-русски?» - жи. «Къыхуриджэрт, ауэ мы фи диныр къабыл тщIыну унафэ къытхуищIакъым, мыр икIи динкъым, организацIэ», - жызоIэ. «Сыт-тIэ «организацIэ» псалъэм дэбгуэр, ара уигу иримыхьыр?» - и гугъэ схихьыжьрыыш. «Дин къыщIалъыхьэу хабзэр псэрефIэкIуэн папщIэщ, организацIэм апхуэдэ къару ябгъэдэлъкъым», - зызогъэгубзыгъэ сэри.

«ФэрыщIхэм тхьэ яIуэ, Алыхьталэм уэзрилIыкIуэм дрищIыхьэтщ, жаIэри. Алыхьталэм езым ещIэ уэ узэрилIыкIуэр, щыхьэтуи къоув фарыщIхэм пцIы зэрауэсымкIэ ».[2]

Сектэхэр кьыздикIымрэ къызэрыунэхумрэ нэрылъагъу пщохьу зззэмызэ. Псалъэм папщIэ, а зэрызелъэфэнэр, «дэ адрейхэм нэхъри дынэхъыфIщ» Іэнэ хуэзыдинир апхуэдэ щапхъэщ, Іуммэтыр е абы и Іыхьэ жэмыхьэтыр организацIэ зэхэтыкIэм хуиунэтIу.

Жэмыхьэтым и Іуэхур гурыIуэгъэщ: фарз, суннэ, кьурIэн, зэчыр, хабзэ, псапэ... Нобэ зы лъэбакъэ тынш, пщэдей лъэбакъэу гугъу - адрейкIуэн, уи пIэ умыдужьхьын. ПсэкIуэдыр зыигъэтIу, сыбыр хэзыгъэхъу, сытми, кьабыл зэрыхьэунм шэч зыхэмыльэ, абы кьикIыр - гъэгур зэIуэх лэжьыгIэщкIуэмкI щIыпIэрэ абы хуэхха зэмарэщ. Ежэр бгъэзащIэмэ, псэр зыигъэкъабзэ кьарум пыщIа уохъу.

Организацэр партым, бандэм, мафием ещхьщ. Фейдэ гъунэгъуи зэридзылIа зы гуп нэгъуэщI гупым ятэщIэтщ, зыигъэ зыIэрагъэхъэ яфIэщIу. Мыбы кIуэ пэтми нэхъ гъэ уещI.

Іэпкълъэпкъым пыщIа кьалэнхэр зэгъуэгу пщIэну нэхъ тынш: нэмэз, нэщI, хьэж, хьэдагъэ, дыуэщI, кьинэмыщI. Іэпкълъэпкъ пщэрылъкIэ зэрызэхуэдэмрэ щIыхь куэдым - зыми ельытауэ - нэхъыбэ кьаззэрекуIэпIэмрэщ зэрыгъэ-гупымкIи лъабжьэ узышIэу щIэлыр. Ауэ зыхэпщIэр сыт щыгъуи гурыщIэ щхьэхуэщ, адрейхэм ейм емыщхь, уэ уи закъуэ къыпIэрыхьэ, зыми думыгуэш гурыфIщ. Псоми я гъусэу бгъым удэкIми, бгъыщхьэм кьыщыщIихьэр уэ пфIэфI уда гъэгъаи и мэращ, уи пщIэнтIэпсэр зэрыпхуиIэзыжьри бэлъэтэу щIыжьи. А гугъэфIэ щабэр хэмытамэ, диныр пхуэхьэхэнтэкъым. Алыхьталэр зэрызакъэуми, цIыхуу укъызэрагъэщIам гугъэфI зэхыжьхьэ лIыкIуэ лъапIэм и щэнми узэратхьэкъу Іэмалыр аракъэ - Ар уэращ икIи сэрщ, дэращ икIи Езыращ. *«Езыхэм зыкъагъэщIыжауэ гIэрэ абыхэм?»*

Зохуэдэнигъэр къызытехьэлъэхэр диным зэрыщIыщтэр щIэщIигъэжкъым, ауэ дин зезыхьэу апхуэдэу щытхэри жыжьэ щIынэмысыр а щхьэусыгъэрадж: псомкI сарещхьу, адрейхэм нэхърэ сымынэхьфIу - дауэ? Сектэхэм я кьаршхэн нэхъ къаруфIэрэ уэ пхуэдэхэм зэрызаохэпIэтыкIын зыкъыщIущIыжькIым узэрыдгъэзэжащ. Дауи, гукъуэдэ гъэ-мылэ щIэлэжьым, ар пщхьэщхьыхьм фIыщIэ хуэпщIынэр цIыху хьэлщ. ИтIани зыгъэркIэ зыкъуигъэщIыхуну хуэмеямэ, Алыхьталэм зыри кьыщIигъэщIынтэкъым. Хэт фIыщIэ зыхуэпщIыр? Сыт хуэдэ Іэмалкъэ щIыхуэ зэрызытебгъэкIыжыр? Жыг? Адаш адэкIэ узэрыкIуну- Гугъэр зыхуэдэкIэ зэпыытар.

Адыгэхэм ящIищ зыгуэркIэ «щыхьэт нэпцIхэм», е абыхэм куэдкIэ кьащхьэщIымыкI дин, парт кьудамэхэм щIаХэзэрыхь щхьэусыгъуэхэм я нэхъ иныр ди лъэпкъ хабзэм иукъэдий кьаленхэр зэрахуэмыгъэхьарум кьахуихь гужьеиргъэрщ.

Адыгэ хабзэм текIуэныгъэм фIэкIа зыри кьабыл ищIыркъым. ИкIуэтар хэкIуэдащ. Психолог щэрыIуэ Фрейд Зигмунд ещIи и Іэщ Іагъэм ипкъ иткIэ гурыIуэгъуэ топсэлъыхь зауэ кьыщIэхьеИ щхьэусыгъуэхэм. ЦIыхуэхм щэнхабзэ гуэр яукъэдий. Щэнхабзэр цIыхур зэрыщIыт дыдэм, ар зыхуейзыхуэфIхэм щытемыщIыжьхьакIэ, гуеа-щIэхами фэрыщIынэм жуокIуэри, а зэхэтыкIэ псэнжьыр адэкIэ зыхуэмыхьыжьхьэ бзм я зэхуэку зауэ кьыщхьхьей. Псэм и узыфэу щIыгъэхэми я кьежьапIэу щIэныгъэлIхэм яльытэр ГъащIэр зэрыщIыт дыдэмрэ щэнхабзэ зекIуэмрэ зэрызэтемыхуэрэщ. Диныи и мурадыр, укъызэрагъэщIам елъытауэ, зэран зэрыпхуэмыхьуну Іэмалкlэ уэзыхуейм ульитIэзысынырщ. Кьухъэпlэ хабзэкъэ сыт щIэмыплажьэр: щIэныгъэ кьуэдыкIуэ псори хуит хуащI хуэдэу защI, ауэ уэмызэгъэшI пшхымэ сымаджэ уэзэрыхьум хуэдэ дыдэу, нэрыбгъэм хуэмыщхьапэн псэукIэм и зэран йокI - телефоныр бензинкIэ лажьэркъым. «Культурэ», «демократие» зыфIащ псэукIэ зэгъэдэзкIар хабзэу кьащтэжу «хьэгупывэм фо хакIэри», мылIэжьынысэр, ехъулIэ хуэдэхэр, дохуэзыпIэ.

Адыгэ хабзэмэ дыбоIагъу ардыдэр: абы цехьулIэхэри гугъу гуэр йохь, ауэ а гугъуехьи и фейдэуэ щытхъу кьалэрохьэ. ЕмыхьулIэхэм я адыгэ хабзэр кьаруунщагъкIэ зыгъэщIэгъэнырщ. ЦIыху уIуоэз зыигъэр игу кьеуэу. Ярэби, мыр щхьэщIыщIкIэ, игу кьыззэрыгъэтхьыжьыр псэунщ жыбоIэри ухуотэмакъкIыхь. Пэжщ, игу кьызэрогъэтыжьи, ауэ зыкъызэрищIэжу япэу «иригъэльэтэхынур» ар зэрыса къэпым и щхьэр хуэзыгIэта уэращ. Уэ зыращ абы и кьаруунщагъэ зыльэгъуари, япэрауэ, бзылъыбар зэрыщхьэщIыпхьэу, уцыжьыжьэ нэхъ къещтэ. ЕтIуанэрауэ, абы кьару зэхэлъхьажьа уэ сыт хуэдиз кьару езым къыпIэнар?! Гукъеуэм хэпсэукIыем ещхьщ ахэр: зэныкъуэкъуи мямIэмэз, гъащIэм и мыхьэнэр яIэщIоху. Апхуэдэ нэкъуэкъуэхым гъэгуу игъуэтынур щIегъэжьыу уи пащхьэ кьихуэтэжыныщ. А щапхъэхэм кьаГъэльэгъуэ унафэр кьыдэмыкIыу, псэпэ гъэщIэгъэнымкIэ, гущIэгъэгъэбзм и унафэкIэ фIэкIа зэрамыгъэшIыр. «ШейтIаным нэгъэщI Іэмал щимыгъэзыжьм дэж «гущIэгъу кьысхуэщI» жIэ», - щIыжьIэри арагъэнщ.

Куэд мэхъу мы зэрыгъэгупыкIэр, гъащIэр зэIызыщIэри мы гуп къомым я зэныкъуэкъумрэ абыхэм я зэжьэхэуэкIэмрэщ. Гъэгу захуэкIэ дыздэжьи апхуэдэ зэхэгъэщхьэхуэкIыкIэ пэнжь кьыщыхэуэм и дж, фIым гугъэ хыиуегъэхьыж, «мыбыхэм саримыгъуэсу мыхьунумэ, сремыIэ апхуэдэ насыпI» жызыIэ дапщэ щыIэ?! ГубгъуэщIэм ихьагъащIэр ипэм дж «уэ уфIщ, адрейхэр Іейщ» тегъэгушхэкIэ хуэныкъуэ хуэдэу щытащ, здиуэгIам ипэмыгъуэжьин папщIэ. Ауэ «уэ узыгъэфIыр дэращи, ди жьауэм ущIэтыхуэ уехьулIащ, нэгъуэщIым удэплъеинщи - укъэсжащ» Іэнэ зехьэкIэр икIи адыгэ хабзэкъым, икIи муслымэн хабзэкъым, - организацэ, парт, мафие, бандэ зэхэтыкIэщ. Абы, дауи, зэ бжьыгъэжкIэ ухэхуэркъым. Нобэ шей уэздефауэр кофе ефхэм уятопсэлъыхь, пщэдей кофем ш зэхыкIэр бийуэ унафэ кьыдыбогъэкI.

«ГукъэкI иIэщ, гукъэкI иIэкъым» - жаIэрей адыгэхэм, цIыхум и кьэухьыр здыиэсщи кьыбгурагъэIуэну щыхэтым и деж. Сыт гукъэкI хуэжьыр? Алыхьталэм и кьару мыгуэшьи и Іыхьэ щIыкIуу узэрыкIыжьыр ехъулIэгъэру урикъэныщ. Ар зыхуейр бгъэзэщIэным утегушхуэфынырщ, къыпэкIуэнкъыпэмыкIуэн гупсысэр «псым хэбдзэфынырщ». Уадыгэмэ, уцыджанмэ, Абы узэрытехуэм мамыр щIэхъуэкI уи гум кьихьэ псори гукъэкI зэушIэщ, адыгагъэр фIэщхъуныгъэм и бийкъым - и нэщэнщ.

Тхыгъэм псалъэ зэуэщIащхэр зи Іэдакъэщэкl Пушкин Александр урысу дунейм къытехьами, и хьэрпылыр «КъурIэным зыпэсщIыжу» усэм дэж кьыщызэпхиудыжащ. Хэгъэзыхь зыхэмыIэ дин щабэр зи Іэпэгъу хабзэ тэмакъкIыхьым щIэлIакIэри, пластэр шыпсым кIэрыдмычу, лъэпкъ Іэнэм дыздыпэрыхуэщ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

[1]Он милосерд, Он Магомету
Открыл синюший Коран
Да притечем и мы ко свету,
И да падет с очей туман.
А. С. Пушкин, «Подражание Корану»

[2]ХьэтI лъэныкъуэбзэкIэ кьыхэзэщхэр Къурlэным щыщщ

● Уаз

«Диныра хьэмэрэ хабзэра къыхэпхыр?» Апхуэдэу жызыIэхэр щоуэ

Алыхьым и псалъэу КъурIэн лъапIэм итщ: «Нобэ сэ фи диныр иризгъэкъуащ, си нихьмэтри иризгъэкъуащ, ислъам динри фи дину арэзы сыхъуащ».

АРАЩИ, Алыхьыр арэзы зытехъуа ислъам диным дэ дауэ арэзы дызэрытемыхъэнур?! Іэятым наIуэ тщещI ислъам диным и ужькIэ нэгъуэщI дин зэрыщымыIэнур, ари къызыхуэтыншэу зэрырикъуар.

Дин щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа ибн Кэсир итхащ мы Іэятым и мыхьэнэм ехьэлIауэ: «Дин нэгъэса, дин ирикъуа къаззэрыритакIэ, Алыхьыр псом хуэмыдэру къахуэупсащ мы Іумэтым. Абы ипкъ иткIэ, ахэр нэгъуэщI дини, нэгъуэщI бегъымбари хуэныкъуэжкъым. Мы диным зыгуэр хэлъхьэни, хэхьани хуеижкъым. ИкIи аращ Алыхьым Мухьэммэд бегъымбаращ лIыкIуэ псоми я кIэух щIищIар, цIыхуми, жьыми къащIыхуигъэкIуар. Хьэлэлыр абы хьэлэлу къыпытэращ, хьэрэмри абы ибжыращ. Мухьэммэд бегъымбаращ къытхуигъэлъэгъуа псори Алыхьым и Іэмыщ, ар хьэкъщ, шэч Іэпкъэ зыхэмылъщ».

Уеблэмэ, зи гугъу тщIа Іэятым цIыкIуэ кьэдэлъ щIэныгъэ лъапIэ щIыщIыкIуэ «Хьимран» сурэм и 85-нэ Іэятым:

«Ислъам диным нэмыщI нэгъуэщI дин къэзылъхьэхуэхэм - ар абыхэм Іахьинукъым, икIи ахэр хилъафахэм ящыщу къыщIидзынущ».

«Уа, Іиман къэзыхьахэ! Муслымэныгъэр зэрыщыту къафщтэ, шейтIаным и лъагъуэм фримыкIуэ, ар нахуэу бийщ». *(Аль-Бэкъэрэ сурэм и 208-нэ Іэятыр).*

Аращи, ислъам диным ебэкъуапIэ иIэкъым. Аращ дэ Тхьэм къалэн нэхъыщхьэ къытщиIар.

Ауэ щыхъукIи, абы къикIыркъым дэ ди бзэр, хабзэр Іэщ Іыб тщIын хуейуэ. Ди бзэри, ди лъэпкъри къытхуэхэзыхар Алыхьырщ. Диным фIэкIа хабзэ зевмыхьэ жиIэу Алыхьым Іэмыр тщищIакъым. Лъэпкъ къэскIэ хабзэ зыриз диIэжщи, ислъам диным кьеззгъэ хабзэ дахэхэр зехьанатхэщ. Адыгэхэм диIэщ апхуэдэ хабзэ куэд. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдрэ уроухэ-лIэ «Уэ динра къыхэпхыр хьэмэрэ хабзэра?» - жызыIэ. Ауэ ар тэмэмкъым. А тIур щIыззэпщIэбгъэувэн щIыIэкъым. Диныр Алыхьым къалэн тщищIащ, хабзэми диным езэгъыу хэлъ фIы псори зехьэн хуейщ.

Мухьэммэд бегъымбаращ хьэрпуу Алыхьым къыщигъэщIам, «укъызыхэкIа лъэпкъым я хабзэр ящыгъэгъупщэж» жиIэу къалэн щищIакъым. АтIэ ЛIыкIуэ лъапIэм и псалъэхэм къыхоц ар бегъымбару къыщIэкIуам и щхьэусыгъуэр - хьэл-щэн дахэу щыIэр нэхъри егъэфIэкIуэн мурадырщ. ИкIи аращ ЛIыкIуэ лъапIэм ищIари. Хьэрпхэм я хабзэ фIейкэр яхихащ абы. Псалъэм папщIэ, абыхэм бзылъхуГъэхэм пщIэ хуамыщIу, хъыджэбз цIыкIу кьалъхуамэ, сабийр щIатIэжу щытащ. А мыхъумыщIагъэ псори Іэщ Іыб яригъэщIащ Мухьэммэд бегъымбарым. Я хьэлым щыщу фIыри иригъэфIкIуар абы. Псалъэм и хьэтыркIэ, хьэщIэ яфIэфIу, езыхэр хьэлэлу щытащ хьэрппхэр. Мис апхуэдэ хабзэ дахэхэр нэхъри щIигъэбыдащ ЛIыкIуэ лъапIэм. Аращи, диныи езэгъэ хабзэхэри динри зехьанатхэщ.

Дэри ди кьалэн нэхъыщхьэр а хабзэм дрикIуэныщ; диныи емыкIэгъэхэм защитхъумэнырщ, ислъам диным къезэгъэ хабзэ дахэхэр едгъэфIэкIуэнырщ.

● Щапхъэ

Къулейр мылъку зиIэракъым - зи псэ къабзэращ

Тыркум и Анталье къалэм хиубыдэ Елэмэ къуажэм 1945 гъэм къыщылъхуащ нобэ зи гугъу тщIыну Еджьдж Нихьаи.

И НЫБЖЬЫР илъэсийм иту абы и унагъуэр Анталье Іэнэхуащ. Абы школыр екъулIэныгъэкIэ къыщиухэ нэужь, Анкарэ дэт институтым щIэтIысхьэри, нэмыцэбзэмкIэ егъэджакIуэ Іэщ Іагъэр щызригъэгъуэтащ Нихьаи. Абы и къару емыблэжу илъэс 25-кIэ ирилэжьащ. Адыгэ хабзэр ткIийуэ щызэрахьэ унатуэм къыщыхъуэ Нихьаи и ныбжьыр илъэс 20 фIэкIа мыхъуауэ Тыркум Адыгэ Хасэ къыщыззэригъэпэщын хуэзфIэкIащ. Зэрысабийрэ хъуэпсапIэу иIар и адэжь хэкум къигъэззэкIыныратэ, ари къехъулIащ цIыху псэ къабзэщ.

Нихьаирэ и щхьэгъусэ Шукранрэ бынитI зэдагъэтащ. Япхьу Тамериси я щIалэ Едыджи ещхьапIэ нэхъыщхьэхэр ехъулIэныгъэкIэ кьаухри, Іэщ Іагъэ хъарзыни зрагъэгъуэташ. ЗэгурыIуэрэ зэдаIуэжу абыхэм яГъэлэжьэ куэд щIауэ Налшык къыщыщIэуаха «Тамерис» шхапIэр. Уи нэкIэ умылъэгъуамэ, фIэщщыгъуэйщ зи гугъу тщIы шхапIэм щызэрахьэ ерыскъыхэм я щхьэкIэ-гъэр. Абы щапщэфI псом щыщи унагъуэм ямышхауэ, ар яГу иримыхьауэ, цIыхум хутрагъэувэнукъым. Лэжьыгъэ Іэнатlэ яIэнымкIэ цIыху куэдым сэбэн яхуэхъуащ а унагъуэр. Абы щылажьэ дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хьэхуагъэтыф, сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн зыхуащI.

ЦIыхухъум и кьэкIуэнур, насыпифIэ хъунуми, насыпишэ хъунуми куэдкIэ зэпытар абы ГъащIэм псэгъу щищIращ. Нихьаи нобэ иIэ екъулIэныгъэхэмкIэ абы и щхьэгъусэ Шукран фIыщIэ лей хуэфащэщ, сыту жыпIэмэ, акъыл жан зыбгъэдэлъ, жыжьэ пльэ а бзылъхугъэм еш имышIэу, кьикIуэт имыIэу Нихьаи и щIыбагъым дэтщ. Гугъуехь псори Іэщ Іыб ящIырэ, я ГъащIэр дахэу зэтрауахуащ зэщхьэгъусэхэм. Абыхэм я бын Тамерисрэ Едыджрэ я зэхущытыкIэ къудейм къеГъэльагъуэ унагъуэм илъ пщIэ Іыбагъэр. Псом ящхьэращи, Алыхьым и арэзыщIыпIагъэм телажьэ зэпытщ Нихьаи.

- Къулейр мылъку зиIэракъым - зи псэ къабзэращ, - жеIэ псапащIэм. ЦIыху гумащIэм, бзэ Іэфым сом кьыхэхъуэмэ, сом нЫкъуэр Тхьэм хуегъэкIуэд. Школ, интернат, сымаджэщ жыпIэми зы илъэс къэмынэу зыбжанэм щIэгъэкъуэн яхуохъу. Тхьэмыщкlэхэм, зеиншэхэм япэIэбэ зэпытщ.

Иджьри мурадыфI куэд иIэщи, Тхьэм кьыхэзэпищэ Іиман щыпкъэ зыбгъэдэлъ Нихьаи.

● Дифl догъэлъапIэ

ЦIыхугъэ лъагэм и щапхъэ Езий Мухьэмэд

**Жылагъуэм пщIэ лъагэ щызыIэ цIыхуэр Хэкум, лъэпкъым я Іыхьэжьу щымытыныр Іэмалынщэкъым. ЦIыхубэм я щIыхьыр къэблэжьыфынущ дзыхь къыпхуащI Іэнатlэм щызыхэпщIэ жэуапльныгъэмкIэ, уи ихьалэнхэм хууиIэ гудзакъэмкIэ. А псомэ я щхьэжщ езы гъащIэр фIыуэ плъагъурэ цIыхухэм сэбэп ухуэхъунырщ уи псэукIэ мардэу дунейм утетынкIэ. Зи гугъу сщIыхэм ящыщщ Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм и администрацэм и Іэщ Іагъэлl нэхъыщхьэ Езий Мухьэмэд Ехьа и къуэм и гъащIэр. Тхыдэ дахэ зиIэ, цIыху мини 8-м нэс зыдэс а адыгэ жылэжьым зы цIыхуи кьыдумыгъуэтэнми ярейщ Мухьэмэд зэгуэр сэбэп зыхуэмыхьуарэ (ар псалъэкIэ е Іуэхуэкlэ ирырехьу) абы къыхуэмыварэзырэ. Апхуэдэ жылагъуэ гулъытэр хуэфащэ дыдэщ цIыхугъэ лъагэ зиIэ, псэ хьэлэл, къабзэ зыIут адыгэлl щыпкъэм.

ЕЗИЙ МУХЬЭМЭД 1950 гъэм Къэхъун къуажэм къыщылъхуащ. Абы и адэ Ехьарэ и анэ Сарэрэ жылэм пщIэ щызиIэ цIыхухэт, езыхэри унагъуэ дахэу, щапхъэ зытрахъэм хуэдэу псэурт. Ехьарэ Сарэрэ я унагъуэм хуэфащэ увыпIэ щиуфыдырт диным - тIури Къурlэн еджэрт, апхуэдэ фIыгъуэхэм я щIэблэрэм щIапIыкIырт. Зэщхьэгъусэхэм зэдагъуэтат хъыджэбзипIэ, зым нэхърэ адрейр нэхъ лъагъуэгъуафIэу, арщхьэкIэ Ехьа щIэхъуэпсыр лъэпкъэр хуэпщхьэу къыщIэнэн къуэиIэну. Ауэдэзу Тхьэшхуэм ихъати, 1949 дунейм ехьажащ Ехьа, уэндэгъуГъэ зыбгъэдэлъ и щхьэгъусэмрэ хъыджэбз цIыкIуипIымрэ ибзу кьанэри. «Фы-забэ» щIэ хьэлъэр зезыхьэ хъуа Сарэ и пщэм къыдэхуащ унагъуэ зехьэнри, бын пIынри, лэжьыгъэ Іэнатlэри зэдэхьынырщ. Ар, дауи, тынштэкъым, арщхьэкIэ Іэмалщ Іапl эншэт...

«ЦIыху цIыху щIыжщ» жыхуаIэрати, гуауэм зэщIиубыда унагъуэм псэщIэ кьахилъхьажащ Ехьа дунейм зэрехьжрэ илъэс ныкъуэм нэсауэ кьалъхуа щIалэм. Езым имылъэгъуами, адэм и хъуэпсапIэр нахуапIэ хъуат: Езийхэ я лъапсэм кьихъуат лъэпкъри, анэри, благъэри, Іыхьлыри куэдкIэ зыщIигугъ щIыхухъу цIыкIу. Бегъымбарым и цIэр - Мухьэмэд - Сарэ и жэрдэмкIэ зыфIащэ я дэлъху цIыкIу закъуэр псэм хуахьыт зэшIипхъуэху Феткэ, Зэхьирэт, Сэйихьэт, Сэйибэт сыми. Сари и лъэр нэхъ жан ищIа хъунт щхьэгъусэм и псэм щигъафIэу щыта гурылъыр кьаззэрехъулIам.

Мухьэмэд кьэхуащ щIалэ Іущу, жыIэщIэу, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хэлъу. ЦIыху куэд апхуэдизу зыщIэхуэпсу дунейм кьытехьа щIалэм гу кьабзэрэ псэ нэхурэ Тхьэшхуэм кьримыту кьэнэнт?! Ар дапщэщи яхуэсакъырт и анэмрэ и шыпхъуэмрэ, абыхэм ящыхьыу апхуэдэт. Жылэм дэт курыт школым Сарэ кьащIихь лэжьапщIэ тIэкIур яхурикъуртэкъым бынугнагъуэшхуэм. Абы кьыхэкIыу анэр илэжьыхьыт хадэм. Сарэ дэIэпыкъуэгъу нэс хуэхъурт ипхъуэхри къэжэпхъа и щIалэ закъуэри. Дауи, анэ тхьэмыщIкIэм гугъуехь псори щыгъупщэжырт, и хъыджэбзхэм, и щIалэ закъуэм я ныбэрэ я фэрэ мыныкъуэу щIипIаргъум деж.

Иджьри щIалэ цIыкIуу Мухьэмэд зыхищIэу хуэжьащ унагъуэм папщIэ щIыхуэхъум ихь жэуапльныгъэр зыхуэдэр. И анэмрэ и шыпхъу нэхъыжьхэмрэ ар щIапIыкIырт цIыхугъэм, гуапагъэм, зэхэщIыкIым. И сабиигъуэм зыхихьхьа а хьэл-щэн дахэхэращ Мухьэмэд гъэгугъэльэгъуэ хуэхъуар и гъащIэ псом.

Жылэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ кьиуха нэужь, еджэным и нэ кьыхуикIми, Мухьэмэд лэжьэн щIидзащ. Гугъу кьыдэкъ и анэр, и шыпхъуэр лэжьапщIэкIэ игъэгуфIэну, илъэс 16-м иту ар слесарру уват Нарткъалэ дэт консерв заводым. ЩIалэ Іэдэбым, жьIэщIэм икIи комсомолец жьыджэрым гу кьыльамытэу къэнакъым: куэд дэмыкIыу ар яГъэуващ Іуэхущ Іапl эм и цеххэм ящыщ зым и комсомол зэгугъэныгъэм и секретару. Мухьэмэд зэрыжиIэжьмкIэ, лэжьыгъэмрэ цIыху хэтыкIэмрэ я щэхуэхэм ар щыгъуазэ хуищIауэ щытащ заводым и парт зэгуъэныгъэм и пашэ, кадрэхэмкIэ абы и къудамэм и унафэщI Дзыгъуанэ Хьэсэнбий. Зэрылажьэм хуэдэуэрэ, Мухьэмэд кьиухащ счетоводбухгалтер школыр.

1969 - 1971 гъэхэм Езийм кьулыкъу щищIащ советыдзэм. ЩIыхь зыпылъ а кьаленыр Хэкум пэжу хуищIэри абы кьигъэзэжащ щылэжьа заводым. Жэуапльныгъэ лъагэ зыхищIу и кьалэнхэр езыхьэкI щIалэщIэм дзыхь къыхуахуэр Хэкум, лъэпкъым я Іыхьэжьу щымытыныр Іэмалынщэкъым. ЦIыхубэм я щIыхьыр къэблэжьыфынущ дзыхь къыпхуащI Іэнатlэм щызыхэпщIэ жэуапльныгъэмкIэ, уи ихьалэнхэм хууиIэ гудзакъэмкIэ. А псомэ я щхьэжщ езы гъащIэр фIыуэ плъагъурэ цIыхухэм сэбэп ухуэхъунырщ уи псэукIэ мардэу дунейм утетынкIэ. Зи гугъу сщIыхэм ящыщщ Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм и администрацэм и Іэщ Іагъэлl нэхъыщхьэ Езий Мухьэмэд Ехьа и къуэм и гъащIэр. Тхыдэ дахэ зиIэ, цIыху мини 8-м нэс зыдэс а адыгэ жылэжьым зы цIыхуи кьыдумыгъуэтэнми ярейщ Мухьэмэд зэгуэр сэбэп зыхуэмыхьуарэ (ар псалъэкIэ е Іуэхуэкlэ ирырехьу) абы къыхуэмыварэзырэ. Апхуэдэ жылагъуэ гулъытэр хуэфащэ дыдэщ цIыхугъэ лъагэ зиIэ, псэ хьэлэл, къабзэ зыIут адыгэлl щыпкъэм.

ЕЗИЙ МУХЬЭМЭД 1950 гъэм Къэхъун къуажэм къыщылъхуащ. Абы и адэ Ехьарэ и анэ Сарэрэ жылэм пщIэ щызиIэ цIыхухэт, езыхэри унагъуэ дахэу, щапхъэ зытрахъэм хуэдэу псэурт. Ехьарэ Сарэрэ я унагъуэм хуэфащэ увыпIэ щиуфыдырт диным - тIури Къурlэн еджэрт, апхуэдэ фIыгъуэхэм я щIэблэрэм щIапIыкIырт. Зэщхьэгъусэхэм зэдагъуэтат хъыджэбзипIэ, зым нэхърэ адрейр нэхъ лъагъуэгъуафIэу, арщхьэкIэ Ехьа щIэхъуэпсыр лъэпкъэр хуэпщхьэу къыщIэнэн къуэиIэну. Ауэдэзу Тхьэшхуэм ихъати, 1949 дунейм ехьажащ Ехьа, уэндэгъуГъэ зыбгъэдэлъ и щхьэгъусэмрэ хъыджэбз цIыкIуипIымрэ ибзу кьанэри. «Фы-забэ» щIэ хьэлъэр зезыхьэ хъуа Сарэ и пщэм къыдэхуащ унагъуэ зехьэнри, бын пIынри, лэжьыгъэ Іэнатlэри зэдэхьынырщ. Ар, дауи, тынштэкъым, арщхьэкIэ Іэмалщ Іапl эншэт...

«ЦIыху цIыху щIыжщ» жыхуаIэрати, гуауэм зэщIиубыда унагъуэм псэщIэ кьахилъхьажащ Ехьа дунейм зэрехьжрэ илъэс ныкъуэм нэсауэ кьалъхуа щIалэм. Езым имылъэгъуами, адэм и хъуэпсапIэр нахуапIэ хъуат: Езийхэ я лъапсэм кьихъуат лъэпкъри, анэри, благъэри, Іыхьлыри куэдкIэ зыщIигугъ щIыхухъу цIыкIу. Бегъымбарым и цIэр - Мухьэмэд - Сарэ и жэрдэмкIэ зыфIащэ я дэлъху цIыкIу закъуэр псэм хуахьыт зэшIипхъуэху Феткэ, Зэхьирэт, Сэйихьэт, Сэйибэт сыми. Сари и лъэр нэхъ жан ищIа хъунт щхьэгъусэм и псэм щигъафIэу щыта гурылъыр кьаззэрехъулIам.

Мухьэмэд кьэхуащ щIалэ Іущу, жыIэщIэу, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хэлъу. ЦIыху куэд апхуэдизу зыщIэхуэпсу дунейм кьытехьа щIалэм гу кьабзэрэ псэ нэхурэ Тхьэшхуэм кьримыту кьэнэнт?! Ар дапщэщи яхуэсакъырт и анэмрэ и шыпхъуэмрэ, абыхэм ящыхьыу апхуэдэт. Жылэм дэт курыт школым Сарэ кьащIихь лэжьапщIэ тIэкIур яхурикъуртэкъым бынугнагъуэшхуэм. Абы кьыхэкIыу анэр илэжьыхьыт хадэм. Сарэ дэIэпыкъуэгъу нэс хуэхъурт ипхъуэхри къэжэпхъа и щIалэ закъуэри. Дауи, анэ тхьэмыщIкIэм гугъуехь псори щыгъупщэжырт, и хъыджэбзхэм, и щIалэ закъуэм я ныбэрэ я фэрэ мыныкъуэу щIипIаргъум деж.

Иджьри щIалэ цIыкIуу Мухьэмэд зыхищIэу хуэжьащ унагъуэм папщIэ щIыхуэхъум ихь жэуапльныгъэр зыхуэдэр. И анэмрэ и шыпхъу нэхъыжьхэмрэ ар щIапIыкIырт цIыхугъэм, гуапагъэм, зэхэщIыкIым. И сабиигъуэм зыхихьхьа а хьэл-щэн дахэхэращ Мухьэмэд гъэгугъэльэгъуэ хуэхъуар и гъащIэ псом.

Жылэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ кьиуха нэужь, еджэным и нэ кьыхуикIми, Мухьэмэд лэжьэн щIидзащ. Гугъу кьыдэкъ и анэр, и шыпхъуэр лэжьапщIэкIэ игъэгуфIэну, илъэс 16-м иту ар слесарру уват Нарткъалэ дэт консерв заводым. ЩIалэ Іэдэбым, жьIэщIэм икIи комсомолец жьыджэрым гу кьыльамытэу къэнакъым: куэд дэмыкIыу ар яГъэуващ Іуэхущ Іапl эм и цеххэм ящыщ зым и комсомол зэгугъэныгъэм и секретару. Мухьэмэд зэрыжиIэжьмкIэ, лэжьыгъэмрэ цIыху хэтыкIэмрэ я щэхуэхэм ар щыгъуазэ хуищIауэ щытащ заводым и парт зэгуъэныгъэм и пашэ, кадрэхэмкIэ абы и къудамэм и унафэщI Дзыгъуанэ Хьэсэнбий. Зэрылажьэм хуэдэуэрэ, Мухьэмэд кьиухащ счетоводбухгалтер школыр.

1969 - 1971 гъэхэм Езийм кьулыкъу щищIащ советыдзэм. ЩIыхь зыпылъ а кьаленыр Хэкум пэжу хуищIэри абы кьигъэзэжащ щылэжьа заводым. Жэуапльныгъэ лъагэ зыхищIу и кьалэнхэр езыхьэкI щIалэщIэм дзыхь къыхуахуэр Хэкум, лъэпкъым я Іыхьэжьу щымытыныр Іэмалынщэкъым. ЦIыхубэм я щIыхьыр къэблэжьыфынущ дзыхь къыпхуащI Іэнатlэм щызыхэпщIэ жэуапльныгъэмкIэ, уи ихьалэнхэм хууиIэ гудзакъэмкIэ. А псомэ я щхьэжщ езы гъащIэр фIыуэ плъагъурэ цIыхухэм сэбэп ухуэхъунырщ уи псэукIэ мардэу дунейм утетынкIэ. Зи гугъу сщIыхэм ящыщщ Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм и администрацэм и Іэщ Іагъэлl нэхъыщх

● Лъэпкъ Іуэху

Бзэр щІэкІуэдыр

ар цІыху мащІэм зэращІэр аракъым, атІэ зыщІэхэр зэрыримыпсалъэращ

Адыгэбзэм темыпсэлъыхьа, абы и мыхьэнэм и гугъу зымыщІа усакІуэ щыІэу къыщІэкІынкъым. Адыгэбзэр хъумэным теухуа псалъэмакъри ужьыхьиркъым - Интернет, газет, телевиденэ, радио ялІэпмэ щІэхщІэхыурэ къыщаІэт. Сэри мы тхыгъэм и гугъу щыслІынут абы, ауэ сэ къалэну зыхуэзгъэувыжьыркъым бзэр хъумэныр зи пщэ къыдэхуэ псоми, жылагъуэ зэгухьанысыгъэхэм, цІыху къызэрыгуэкІхэм анэдэлъхубзэм ехьэлІауэ ялэжьри ямылэжьри сэтей къэсщІыну. Сэ зи гугъу сщІынур ди зэманым адыгэбзэр хъумэным теухуауэ ялэжьхэмрэ а Іуэхур нэхъри ипэкІэ гъэкІуэтэным теухуауэ я мурадхэмрэщ.

НэХЪАПЭУ зи гугъу сщІынур конференцхэмрэ абыхэм я мыхьэнэмрэщ. Ауэ ар зэманым ди республикэм щІэх-щІэхьыурэ къыщыІэзрагъэпэщ бзэм теуха конференцкъэ. Абыхэм щыпсоцэлъыхь анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ иджыкІей гъащІэм зэрыт увыпІэм, абыхэм зегъэужьын, ахэр хъумэн зэрыхуейм. БлэкІа илъэсхэм апхуэдэ зэхуэсхэр щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетми Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэкъэхутакІуэ институтми.

Ди газет къыдэкІыгъуэхэм язэхэзым кІэщІу и гугъу щытщІауэ щытащ блэкІа илъэсым и щэкІуэгъуэ мазэм Черкесск кьалэм щекІуэкІа конференцым. Ар теухуат егъэджэныгъэм и пщалъэр зыубзыху къэрал стандартыр гъэзащІа щыхуиджырей зэманым адыгэбзэм ия щытыкІэмрэ зэрязиужьыфынуу Іэмалхэмрэ. Ар къызэрагъэпэщат Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Адыгэ жылагъуэ зэгухьанысыгъэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр ІуэхуэмкІэ, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ печатымкІэ и министерствэмрэ. Зэхуэсым къырихьэлІахэт Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыщу бзэм елэжьхэр, егъэджакІуэхэр, методистхэр, аспирантхэр. ЗэіущІэкІэр нэхъыбэу зэрекІуэкІар адыгэбзэщ. Абы къыщІэІэта Іуэхуэгъуэхэр щызэпкърахащ секцэу 6-м. Конференцым и къыззэгъэпэщакІуэхэм яубзыхуэ унэтІыныгъэхэм ящыщт: адыгэбзэр хъумэным икІи зегъэужьыным и хэкІыпІэхэр; анэдэлъхубзэмрэ егъэджэныгъэм и пщалъэр зыубзыху къэрал стандартымрэ; бзэр курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щеГъэджэныкІэ хабзэ яхуэхъуэ Іэмалхэмрэ щІэуэ къэунэхуа бГъэдыхьэкІэхэмрэ; иджырей технологиещІэхэр еджапІэхэм къыззрыщагъэсэбэпыр; адыгэ литературэбзэхэмрэ адыгэ тхыбзитІым я зы тхыпкъыпЭмрэ; ІуэрыІуатэр, бзэр, лъэпкъ хабзэр егъэджыныр егъэфІэкІуэныр; нэхъыщхьэ курыт, пщІэдзэ еджапІэхэм анэдэлъхубзэр щегъэджэныным и методологиер, хэхэс адыгэхэм анэдэлъхубзэр яджыным и Іуэху зытетыр, нэгъуэщІхэри.

Зэхуэсым и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэ-къэухтакІуэ институтым и лэжьакІуэхэу Бакіуу Хъаньджэрийрэ Хъуажь Фахърирэ, КЪР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ Бекъан Масирэт, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм адыгэбзэкІэ тхылъхэр къыддэзыгъэкІ и къудамэм и редактор Молей ФатІимэ, КъБКъУ-м и аспирантурэм и еджакІуэхэу Ардавэ Залинэ, Еутых Аднан, нэгъуэщІхэри. ЗэіущІэм жыджэру хэлэжьхьащ илъэс куэд хъуауэ егъэджэныгъэ Іэнатіэм пэрытхэри. Аэр я лэжьакІэмкІэ, къагъэсэбэп Іэмалхэмкіэ ядэгуэшащ къыззэуэсахэм.

Конференцым и къызэгъэпэщакІуэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Адыгэ жылагъуэ зэгухьанысыгъэхэм я хасэм и тхьэмадэ Уэхъутэ Александр хуэфІэкІ кьигъэнакъым щІэныгъэ зэхуэсым къырихьэлІахэм я лэжьыгъэр купщІафІэу екІуэкІыным кІэ.

Къызэхуэсахэм псом хуэмыдэу гъащІэгъуэн ящыхьуахэм ящыщу Черкесск кьалэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щекІуэкІар. Щэрджэс Расьбэт и хэсэлъэныгъэр. Ещанэм щІэныгъэ-къэухтакІуэ институтым щыпсалъэ щІэныгъэлІ-филологхэм щыпрылъ яхуэщІын; жьэрыІуатэ текстхэр диаспорэм нэхьэсын папщІэ, электрон Іэмалхэр, Іэмэпсымэхэр нэхъ жыджэру къэгъэсэбэпын; куэд щІауэ, ягъэзащІэкІыным, ягъэужьыным, къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ узыщІрихьэлІэ макъ зэхуэдэхэм ящыщу я тхыкІэкІэ зэтемыхуэхэр зы тхыкІэм хуэгъэкІуэн (Къумахуэ М. и Іуэху ельпыкІэм тету); орфографием и зэтемыхуэныгъэхэри зы хабзэм хуэщІэн; адыгэ лІакъуэ псомк я зэхуэдэу бзэм псалъэщІэу кьищтэхэр зы жьпІэхьэм изыгъэувэ щІэныгъэлІ гуп зэхэшэн; упщІэж хэмылъу, адэ-анэм «ухуей-ухуэмейуэ» ямыупщІу адыгэбзэр егъэджэн; егъэджакІуэхэм я лэжьакІэм зэрыкІэльыплъын Іэмалхэр къыхэгъэщын, дерсхэр фэрыщІагъэ хэмылъу, зэманкІи купщІэкІи нэгъэсауэ зэрырагъэкІуэкІыным хуэдэу; илъэс я къэскІэ ди республикэм щыІэм и адыгэбзэм и фестиваль щегъэкІуэкІын, нэгъэущІэхэри.

Зэхуэсым кьрихьэлІахэм сысыгъэпІейтей упщІэ куэд яхуэиІэт, икІи абыхэмкІэ згъэузта жэуапхэм газетджэхэр щыгъэІуэнэ сыхуейщ.

Батмэн Светланэ Адыгейм и Тахътэмыкъуей районым хыхьэ Энем жылэм и курыт школым адыгэбзэ щрегъэдж. Конференцым утыку абы къырихьащ адыгеибзэр щрагъэджкІэ классщІыб лэжьыгъэр зэрызэтраублэм и Іэмалхэр, ар егъэфІэкІуэн зэрыхуей щыкІэр. АР-м анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ егъэджыныкІэ и Іуэху зыІутым сыщеупщІым, абы жиІащ:

- Школ программэм абыхэм урок зырыз фІэкІа яхухэкІыркъым. ПэщІэдзэ классхэм тхьэмахуэм сыхьэти 3-кІэ щаджырти, иужьрей зэманым ягъэмэщІащ. 2015 гъэм 5 - 9-нэ классхэр зэредж тхьилъхэр щІэуэ традзащ. ПэщІэдзэ классхэм папщІэ тхьилъхэри мыгувэу тыкъэкІынущ. Мыадыгэ сабийхэр зыщІэс классхэм щрагъэдэжьри литературэм и зэкъуэщ. Апхуэдэу щытми, зэхъуэкІыныгъэфІхэри щыІэщ. Къапщтэмэ, анэдэлъхубзэр джыным школ унафэщІхэми, сабийхэми, адэ-анэхэми хуаІэ щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зихъуэжащ. Школым зы махуэщхуи щекІуэкІыркъым адыгэ зэрыІуэ, пшынальэ хэмыдж, ди тхакІуэхэм я хуэ къыщемыджэу.

Светланэ и лэжьэкІэр, ищхьэкІэ зи гугъу сщІа Расьяти хуэдэу, хуэгъэзащ сабийм анэдэлъхубзэм дезыгъэхьэх Іэмалхэр къэгъэсэбэпауэ, дерсхэр нэхъ купщІафІэ, гъэщІэгъуэн щІыным.

Щэрджэс Расьяти щІыгуаэзэ дищІащ Къэрэшей-Шэрджэсым, Черкесск кьалэм адыгэбзэр щегъэджыным и Іуэху зыІутым. КъыззрыщІэкІымкІэ, абы и Іуэхур нэхъыбэ хуэфІ.

- Адыгэбзэр тхьэмахуэм сыхьэтищкІэ щадж 1 - 9-нэ классхэм. 10 - 11-нэхэм тІурытІщ зэрыхъур. Ди школхэр зэредж тхьилъхэмкІэ кьахуэт щымыІэу зэгъэпэщащ. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ, хабзэмрэ тхьдэмрэ ятеухуа кьалэ, республикэпсо зэпеуэхэм егъэджакІуэхэр жьаджэру дыхэтщ. Уеблэмэ КЪР-м и къыщызэрагъэпэщхэми ди гуапэу дыхохьэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ущрихьэлІэ кьохъу сабийм еджэныгъэр мащІэу тепкъуэзмэ, гугъу зрамыгъэхьын папщІэ, урысибзэ гупымкІэ екІуэкІхэу, - жеІэ Расьят. - Абы кьыхэкІыу, ди лэжьыгъэр нэхъ гугъу мэхъу, программэм къыщыгъэлъэгъуари гъэзэщІэн зэрыхуейм, еджакІуэхэм ятепкъуэз зэрымыхъум къыхэкІыу.

Расьят и лэжьэкІэфІыр егъэджакІуэхэм я зэпеуэу Москва щекІуэкІами къыщыгъэлъэгъащ 2012 гъэм, икІи абы ипэ увыпІэр къыщихьащ. Абы папщІэ ягъэльапІэу, Щэрджэс Адыгэ Хасэм и жэрдэмкІэ Расьят и еджакІуэ цІыкІухэр дэщІыгъуу Тыркум щыхьэщІащ.

Светланэрэ Расьятрэ я лэжьэкІэр узэрэгушыІуэнщ, куэдым я щапхъэщ. Ди республикэми щыгъэнэжщ апхуэдэ егъэджакІуэхэр. Абыхэм я фІыгъэкІэ школ егъэджэныгъэм анэдэлъхубзэм иджыри увыпІэ тэмэм щеубыд. Абы щыхьэт тохъуэ илъэс кьэс екІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр.

Щхьэхуэу и гугъу сщІыну сыхуейт егъэджакІуэм и лэжьэкІэм и фІагъэ Іеягъыр зыхуэзгъэту иужьрей зэманым ЩекІуэкІ Іэмалхэм языхэзым. КъызэрыщІэкІымкІэ, егъэджакІуэм и улахуэм хущІагъу «стимулирующие» жьыхуэтІэ Іыхьэр елхащ ар зыхэт зэпеуэхэм, абыхэм къыщащхьэ увыпІэхэр къэзыгъэлъагъуэ щІыхь тхылъхэм я бжыгъэм. Абы кьыхэкІкІэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, языныкъуэ егъэджакІуэхэм зэпеуэ хэтын фІэкІа Іуэху яІэкъым, къэзэрыгъэкІ дерсхэр «ІэхъуэтекъуэкІыу» ирагъэкІуэкІ. Гъэпсэгъуэныгъэхэр, зэпеуэхэр фІщ, ар программэр гъэзэщІэным зэран хуэмыхъумэ, апхуэдэу лэжьыгъэр кьызэрыгъэпэщыфмэ. Ауэ куэдым ар яхуэзгъэКІырыкъым, икІи урохьэлІэ егъэджакІуэм и щІыхь тхылъхэр папкъэм дэмыхуэжу, ауэ и Іыгъэнэхэм кьеджакІэ, тхэкІэ тэмэму ямыщІэу.

КЪР-м, КъШР-м щыІэ жылагъуэ зэгухьанысыгъэхэм яльэкІ кьаГанэрэкъым анэдэлъхубзэр хъумэным, егъэджакІуэм и пщІэр зэІэтыным теухуауэ. Сыт хуэдизу дытемыпсэлъыхьами, сыт хуэдэ Іэмалхэм дыхуемыкІуами, мы Іуэхум фІы кьыпэкІуэнукъым, егъэджакІуэм и кьалэнхэр нэсу имыгъэзащІэмэ. ИтІанэщ анэдэлъхубзэм и щытыкІэм ди гур щыхуэзгъэнур.

ЩОДЖЭН Іэминат.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Лъагъуныгъэм и гъуджэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и суратыщІ Трындык Николай къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуауэ щытащ дыгъэгъазэм и 19-м Суратыщі гъэуэджэхэмкІэ музейм къыщызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэр.

ТРЫНДЫК Николай и ІэдакъэщІэкІэм совет зэманым и фІыпІэр, абы щыпсэуа цІыхухэм згъурлигъэр я нэгум кьищу къыщыгъэлъэгъуащ. ЩІыуэпсым и теплъэ тельыджэр, бэ-ныгъэр зи нэщэнэ гъавэ губгъуэхэр - нэгъуэщІ куэдми ущрихьэлІэнущ гъэлъэгъуэныгъэм.

Суратыщіым къыщалъхуа махуэм ирагъэхьэлІа ІуэхугъуэфІым папщІэ музейм и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ КЪР-м цІыхум и хуитныгъэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис *(суратым)*.

- Сэ Николай сщІыхуу, и гъэлъэгъуэныгъэхэм мызэ-мыщІэу сригъэблагъуауэ щытащ. КЪР-м и Суратыщіхэм я згъухьэныгъэр къызэгъэпэщыным телэжьащ ар, Хэку зауэшхуэр къыщыхьэрем фронтым кІуауэ щытащ. Николай щыпсэуа зэманым и суратыщІ нэхъыфІу къэплъытэ хъунущ. Абы и гъащІэри и ІэдакъэщІэкІэри ди лъахэм хуиІа лъагъуныгъэм и гъуджащ. Си гугъэщ а суратыщІым дапщэщи ди деж лъытэныгъэ щиІэну, - жиІащ Зумакуловым.

- Пэшым щызэхуэхьэса лэжьыгъэ телъыджэхэр тхуэзыхьумахэм фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт, - жиІащ КЪР-м и Суратыщіхэм я згъухьэныгъэм и тхьэмадэ Темыркъан Геннадий. - Лэжьыгъэхэм суратыщІым и гъащІэр, абы илъэгъуэ гугъуехьэхэр, и гурыфІыгъуэ щэхуэхэр къыщыгъэлъэгъуащ. Изобразительнэ гъэзэджэм хуеджэ ныбжьыщІэхэр мы гъэлъэгъуэныгъэм къэкІуэну сыхуейт, шэч хэлъхьэм абыхэм кьахуэщхьэпэн куэд абы къызэрыщащІэнум.

Музейм и экспозицэ кьудамэм и унафэщІ Леонтьевэ Нинэ Трындык Николай гъащІэм и къуэгъэнапІэ псоми нэ жанкІэ дэплъэ цІыхуу, ар Іэзэу къэзыгъэлъэгъуэжьыф суратыщІу, гум ехубыдпІэ и лэжьыгъэхэм зэманым и ІэфІыр ящІэлъу къызэрилъытэр, абы хуэдэ ІэщіагъэлІэр дызэримащІр жиІащ. Апхуэдэуи яхэхигъэщащ Суратыщіхэм я згъухьэныгъэм Трындык Николай и лэжьыгъэу 100-м щІигъу нэхъапэкІэ музейм тыгъэ хуищІауэ зэрыщытар.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Суратхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лъэпкъ, классикэ макъамэхэр щызэхэуухуэна пшыхь

● Гъуазджэ

КъБР-м и цІыхубз артист, Римский-Корсаковым и цІэр зэрихьу Санкт-Петербург дэт консерваторэм и солист, композитор, пианист щІэрыІуэ Къэбэрдокъуэ Мурат Санкт-Петербург и «Клевер-кварт ет» ансамблым и гъусэу концерт гукъинэж щитащ Налшык и Музыкэ къэрал театрым.

КОНЦЕРТЫМ и пэ кьихуэу Къэбэрдокъуэ Мурат яІущІащ «ДыгъафІэ кьалэ» Сабий творчествэмкІэ академием щеджэ ныбжьыщІэхэм. Композиторым мастеркласс итащ, абы къырихьэлІам я ущІэхэм жэуап иритащ.

Концертыр къызэригъэпэщащ рекламэхэм елэжь «Август» медиацентрым. Ар иригъэкІуэкІащ Москва щылажьэ ди хэкуэгъу режиссёр Кьалэ Мурат. Пшыхьым зрагъэхьэлІащ Къэбэрдокъуэм и макъамэхэр фІыуэ зыльагъэхуэм, республикэм и щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакІуэхэм.

Концертым и программэм хэтащ композиторым и лэжьыгъэ куэд, цІэрыІуэ хъуа классикэ, лъэпкъ макъамэхэри яхъзэщІиубыдащ. Къэбэрдокъуэ Муратрэ концертыр зыгъэдэха, Санкт-Петербург и «Клевер-кварт ет» камернэ ансамблымрэ здгъэгъэзащІа макъамэхэм уеда1уэну гухэхъуэ.

Пшыхьым иджыри зэ игъэнэІуащ макъамэ гъуазджэм дихьэх, ар Іэщ1агъэу ныбжьыщІэр, республикэм, къэралым я гъуазджэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІыр.

Дыщогугъ адыгэ щІалэм макъамэ гъуазджэм щыпхиш лъагъуэр нэхъри бгъуфІэ хъуну, и творчествэм дихьэхэр зэригъэгуфІэн лэжьыгъэщІэхэр иІэну.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Суратхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Псапэ

Илъэсыщ1э тыгъэхэр

Къыдэкіуэтей щІэблэм щэн дахэ яхэлъхьэным телажьэ «Стреко за» Іуэхущ1апІэм Илъэсыщ1э зэхьыхэ дахэ щекІуэкІащ.

ЗИ Іэпкъпэпкъыр къызыдэмыбэ сабийхэм папщІэ ягъэщІэрэщІа псейм пащІа хьэпшып цІыкІухэр сабийхэм я гукъыдэжьр къэзыІэтын защІэт: фІыуэ ялъагъу таурыхъэхэм хэт лІыхъужьхэр, псэущхьэхэр, кьуалэбзухэр, шар зэмыфэгъуэхэр.

ЦІыкІухэмэ абыхэм я адэ-анэхэмэ я макъэм къарита гуфІэгъуэр тІуащІэт. Псоми я нэгу зэрызиужьам и мызакъуэу, хуиту зэпсалъэну, зэчэнджэщыну Іэмал ягъуэтащ.

ЦІыхухэр лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ я псэуКІэр егъэфІэкІуэнымкІэ Налшык дэт центрым и нэІэм щІэту екІуэкІа пшыхьым хэта сабийхэм илъэсыщІэ тыгъэхэр яхуэщІынымкІэ къыдэІэпыкъуащ «Гъащ1э узынщ1эм и телъхьэхэр» фондыр.

ЦІыкІухэм я пащхьэм «Ю-Микс» гуащэ театрым и артистхэм зыкъыщагъэльэгъуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дэ къытхуатх

Си гущапІэ, си Къэсейхьэблэ

Бахъсэн районым и жылэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу си тхыгъэ кІэщІыр зытеухуар. Ар Къэсейхьэблэ (Бахъсэ-нёнкэ) къуажэрщ. Сэ мы къуажэм сыкъызыщалъхуащ икІи сыщопсэу.

ДИ КУАЖАЭР хьэблэ-хьэблэу гуэщауэ щытащ илэкІэ: Къэсейхьэблэ, Дербэ-Сиф, Сидакъьхьэблэ, Уэртэней, Джатэжьхьэблэ. ИужьыІуэкІэ, 1865 гъэм, хьэблэ цІыкІухэр зы къуажэу зэгухьэжащ, Къэсеипщым и цІэри фІащащ. 1920 гъэм Бахъсэнёнкэ хъуащ.

Хэку зауэшхуэм и пІэхъэзнэр ди къуажэгъу куэдым я дежкІэ лІыгъэ гъэунэхуп1эу щытащ. Шыщхьэмыгъаззу зи Хэкур зихъуэмэжахэм ящыщщ ди къуажэгъухэу Вындыжь Хьэсэн, Уэзы Хьэжмурид, Гъубжокъуэ Жэбрэ1ил, Къущхьэкъан Хьэбил, Гъут Тіалэ, нэгъуэщІхэри. Псори зэхэту ди къуажэгъу 500-м нэблагъэ зауэм дэкІащ. Абыхэм ящыщ куэдым къагъэзэжакъым. Зауэ нэужькъым къуажэм хуэмыхуэмурэ зыкъыжьыжащ. Абы папщІэ дэтхэнэ зи къуажэдэсми лэжьыгъэшхэр зэфІэгъэкІащ.

Къэсейхьэблэ къыдэкІащ республикэм зи цІэр фІыкІэ щыІуа щІэныгъэлІэхэр Іэщ1агъэлІхэри. Абыхэм ящыщыщ дыхэзыгушхэжу Тхьэгъэпсо Хьэжьысмел, генерал-полковник Ерыжокъуэ ТІутІэ, Къалэжьокъуэ Хьэжьысмел, Мэремыкъуэ Сэфарбий, Абазэ Барэсбий, Лпыбекъуэ Аскэрбий, нэгъуэщІхэри. ПщІэшхуэ зыхуащІхэм ящыщщ полковник Дэдэхъу Хьэжмурат, полицэм и подполковник Жанджэрий Хьэжмурид, республикэм и онкологие диспансерым и дохутырнэхъыщхьэ Къущхьэкъан Хьэмидбий сымэ.

Жылэм нобэ дэтщ курыт еджапІэу щы, сабий саду щы, цІыхум и узынщагъэм щыкІэлъыпІэ амбулаторэ, хьэмэм, уней тыкъэн зыбжанэ. Фочым хуэдэу ізэщІа уэрамхэм дащІыхьащ унэ ІахьзэрыкІэхэр. Къуажэм и кІыхьагъкІэ ирокІуэ асфальт зытелъ къэрал гъэзэгр. Пщыхьэщхьэ зэрыхъуу, нуру къыззащІонэ уэрам уэздыгъэхэр. Ди жылагъуэм дэтщ мэжджытитІ. Абыхэм я бжэр сыт щыгъуи зэІухащ динир зезыхьэхэм папщІэ. Къуажэр егъэдахэ Щэнхабзэм и уардэунэ екІум. Цыхухэм я гуапэу зыщагъэпэсэху жылэм и паркым.

Зыи Іэпыхъуэ адрейм я къыщІэкІыну, згъуныІуэрэ здэдІуэ здэдопсэу къэсейхьэблэдэсхэр. Апхуэдэ цІыхухэр къуажэм иІэхуКІэ, жылэм берычэтыр зэрыдэмыкІынур уи фІэщ мэхъу. А псоми я фІыгъэщ цІыхухэм я псэуКІэ, хуащІэ Іэхъутхьэбзэ и Іыхьэ къуэкІэ Бахъсэнёнкэр къалэм къэзыркІэрыху зэрыщымыІэр.

Гъагъэ, ефакІуэ, си Къэсейхьэблэ, си сабиигъэм и гущапІэ, си щІалэгъуэм и уэрэд, си жыщІэхьэм и гугъапІэ. Зыдэужь, зыдзэузащІ къытхуеблагъэ Илъэсыщ1эм!

ХЬЭНДЭХЪУ Кларэ,
КъБКъУ-м и студентка.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьэр редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехьэм я къуэдзэ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтеуэу зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КЪР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитныгъэр зыхъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117 щІэту я ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Щоджэн Іэминат,** *корректорхэру* **Щоджэн Инэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2, 3-нэ нап.). Компьютерклэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Мэзбахуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1928

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур дыгъэгъазэм и 30-рщ.